

**DAMEL BUKU SINAU MAOS SAHA NYERAT AKSARA JAWA  
KANTHI IRAH-IRAHAH “CARAKA” KANGGE SISWA SMP**

**SKRIPSI**

Kaaturaken dhumateng Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah  
Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta  
minangka Jejangkeping Pandadaran Anggayuh  
*Gelar Sarjana Pendidikan*



**dening:**

**MUHAMMAD FUAD NOVIANTO**

**NIM 10205241037**

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2014**

## PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Damel Buku Sinau Maos saha Nyerat Aksara Jawa kanthi Irah-irahan “Caraka” kangge Siswa SMP*” menika saged dipunuji awit sampun pikantuk pasarujukan saking dosen *pembimbing*.



Yogyakarta, <sup>16</sup>Juli 2014

Pembimbing

A handwritten signature in black ink, which appears to read "Suwarna".





Prof. Dr. Suwarna, M. Pd.

NIP. 19640201 198812 1 001

## PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Damel Buku Sinau Maos saha Nyerat Aksara Jawa kanthi Irah-Irahan “Caraka” kangge Siswa SMP*” menika sampun dipunandharaken wonten ing *pendadaran* sangajenging *Dewan Penguji* rikala tanggal 11 Agustus 2014 saha dipuntetepaken lulus.

### DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dr. Suwardi, M.Hum	Ketua Penguji		08-09-2014
Drs. Mulyana, M.Hum.	Sekretaris Penguji		09-09-2014
Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.	Penguji I		09-09-2014
Prof. Dr. Suwarna, M.Pd.	Penguji II		05-09-2014

Yogyakarta, 10 September 2014

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd

NIP. 19550505 198011 1 001

## WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Muhammad Fuad Novianto**

NIM : 10205241037

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

medharaken bilih skripsi menika damelan kula piyambak. Samangertos kula, wosing skripsi menika beda kaliyan skripsi ingkang sinerat dening tiyang sanes, kajawi bab tartamtu ingkang kula pendhet kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha etika panyeratipun. Menawi wedharan menika kabukti boten leres, dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, Agustus 2014

Panyerat,



Muhammad Fuad Novianto

## SESANTI

“Nangisa sajroning seneng, ngguyua sajroning susah.”

Tansah makarya sinambi ngangsu kawruh salaminipun gesang, amargi lampah  
makarya saha ngupadi ngelmu punika anglanggengaken pasedherekan saha  
anjembaraken kalangan saha wawasan. Punapa malih menawi saged migunani  
dhateng sesami adhedhasar tansah pinaringan margi  
Pangeran Inkgang Murbeng Dumados

(dipunpendhet saking <http://mgmpbasajawasmprembang.blogspot.com/>)

## **PISUNGSUNG**

Puji syukur Alhamdulillah wa Sukurillah konjuk dhumateng ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Asih saha Maha Welas, skripsi menika kula pisungsungaken dhumateng:

Tiyang sepuh kula, Bapak Yuliyanto, S.Pd. saha Ibu Siti Khotimah, S.Pd. ingkang sampun paring panyengkuyung saha donga pangestunipun, Saha dhateng Rayi kula, Priharyanto Achmad Fauzi ingkang tansah caos panyengkuyung.

## PRAWACANA

Puji syukur konjuk dhumateng Gusti Allah SWT ingkang Maha Asih saha Maha Welas, ingkang sampun paring rahmat, hidayah saha inayah saengga skripsi kanthi irah-irahan “*Damel Buku sinau maos saha nyerat Aksara Jawa kanthi Irah-irahan “Caraka” kangge Siswa SMP*” menika saged kaimpun kanthi kalis ing sambekala. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar* sarjana pendidikan.

Skripsi menika kaserat kanthi pambiyantu saking Bapak Prof. Dr. Suwarna, M.Pd. minangka Dosen Pembimbing ingkang sampun paring bimbingan saha wewarah dhateng kula kanthi sabar saha premati.

Panyerat skripsi saged nyerat kanthi pambiyantu saha panyengkuyung saking tiyang sanes. Awit saking menika kula ngaturaken atur panuwun dhateng:


1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta,
2. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum. minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah sampun paring idi kangge nglampahi panaliten menika,
3. Ibu Dra. Hesti Mulyani, M.Hum. minangka *dosen ahli materi* ingkang sampun paring pambiyantu tumrap lancaripun panaliten ingkang kula tindakaken,
4. Ibu Avi Meilawati, S.Pd, M.A. minangka *dosen ahli media* ingkang sampun paring pambiyantu amrih lancaripun panaliten ingkang kula tindakaken,
5. Bapak Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi saha staf administrasi jurusan PBD ingkang sampun pambiyantu bab administrasi dhateng panyerat,
6. Bapak Drs. Sujarwo, S.Pd. minangka Kepala SMP Negeri 1 Rowokele. Matur nuwun sampun paring idi panaliten,

7. Bapak Hartono, S.Pd. minangka guru basa Jawi SMP Negeri 1 Rowokele ingkang sampun kersa paring pambiji tumrap *media* menika sarta sampun kersa pambiyantu anggenipun nindakaken panaliten,
8. Siswa SMP Negeri 1 Rowokele mliginipun kangge siswa kelas VIII A ingkang sampun caos pambiyantu lancaring panaliten kula,
9. Bapak, Ibu, saha sadaya kulawarga ingkang sampun paring panyengkuyung saha pambiyantu,
10. Ayu Mulyana ingkang tansah paring panyengkuyung saha motivasi saben dintenipun,
11. Kanca saking Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Kanca KKN-PPL, sarta sadaya pihak ingkang boten saged kula sebutaken satunggal mbaka satunggal, ingkang sampun paring donga saha panjurung tumrap panyerat saengga skripsi menika saged kaimpun.

Temtu kemawon skripsi menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika sadaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Wasana kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajap mugu-mugu skripsi menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, Agustus 2014

Panyerat,



Muhammad Fuad Novianto

## PRATELAN ISI

	kaca
<b>IRAH-IRAHAN</b> .....	i
<b>PASARUJUKAN</b> .....	ii
<b>PANGESAHAN</b> .....	iii
<b>WEDHARAN</b> .....	iv
<b>SESANTI</b> .....	v
<b>PISUNGSUNG</b> .....	vi
<b>PRAWACANA</b> .....	vii
<b>PRATELAN ISI</b> .....	ix
<b>PRATELAN BAGAN</b> .....	ix
<b>PRATELAN TABEL</b> .....	xii
<b>PRATELAN GAMBAR</b> .....	xiii
<b>PRATELAN LAMPIRAN</b> .....	xv
<b>SARINING PANALITEN</b> .....	xvii
<b>BAB I PURWAKA</b>	
A. Dhasaring Panaliten .....	1
B. Underaning Prakawis .....	2
C. Watesaning Prakawis .....	3
D. Wosing Prakawis .....	3
E. Ancasing Panaliten .....	3
F. Paedahing Panaliten .....	4
G. <i>Asumsi</i> saha Winatesing Panaliten.....	5
<b>BAB II GEGARAN TEORI</b>	
A. Aksara Jawa .....	6
1. Cariyos Sejarahhipun Aksara Jawa .....	6
2. Cara Nyerat Aksara Jawa .....	9
3. Aksara Jawa Legena .....	9

4. Pasangan Aksara Jawa .....	10
5. Aksara Swara .....	11
6. Aksara Rekan .....	11
7. Sandhangan Aksara Jawa .....	12
a. Sandhangan Swara .....	12
b. Sandhangan Panyigeg Wanda .....	13
c. Sandhangan Wyanjana .....	14
8. Angka Jawa .....	15
B. <i>Sumber Sinau</i> .....	15
1. <i>Definisi Sumber Sinau</i> .....	15
2. <i>Klasifikasi Sumber Sinau</i> .....	17
3. <i>Fungsi Sumber Sinau</i> .....	18
C. <i>Buku Saku</i> .....	20
1. <i>Pangertosan Buku</i> .....	20
2. <i>Buku saku</i> .....	20
3. <i>Buku Teks</i> .....	21
D. <i>Panaliten ingkang Laras</i> .....	22
E. <i>Nalaring Panaliten</i> .....	24

### **BAB III CARA PANALITEN**

A. <i>Jinising Panaliten</i> .....	26
B. <i>Cara Pengembangan (Damel Media)</i> .....	28
1. <i>Panaliten Pendahuluan (Analisis Kabetahan)</i> .....	28
2. <i>Perencanaan saha Perancangan (Ngrancang Media)</i> .....	28
3. <i>Penyusunan Draf (Damel Media)</i> .....	29
4. <i>Validasi saha Ujicoba Winates</i> .....	30
5. <i>Revisi saha Damel Produk ingkang Pungkasan</i> .....	31
C. <i>Definisi Operasional Variabel Panaliten</i> .....	32
D. <i>Ujicoba Produk</i> .....	33
E. <i>Instrumen Panaliten saha Jinising Data</i> .....	33
1. <i>Instrumen Panaliten</i> .....	33

2. Jinising <i>Data</i> .....	34
F. <i>Teknik Analisis Data</i> .....	34

#### **BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

A. Asiling Panaliten .....	37
1. Caranipun Damel <i>Media</i> Buku Sinau Maos saha Nyerat Aksara Jawa kanthi Irah-irahan “Caraka” kangge Siswa SMP .....	37
2. Pamijining <i>Kualitas Media</i> dening <i>Dosen Ahli Materi</i> , Dosen <i>Ahli Media</i> saha Guru Basa Jawi .....	44
3. Pamanggih saking Guru Basa Jawi saha Siswa SMP .....	82
B. Pirembagan .....	103
1. Caranipun Damel <i>Media</i> Buku Sinau Maos Saha Nyerat Aksara Jawa kanthi Irah-irahan”Caraka” kangge Siswa SMP .....	103
2. Pamijining <i>Kualitas Media</i> saking <i>Dosen Ahli Materi</i> , Dosen Ahli <i>Media</i> saha Guru Basa Jawi .....	121
3. Pamanggih saking Guru Basa Jawi saha Siswa SMP .....	131

#### **BAB V PANUTUP**

A. Dudutan .....	141
B. Pamrayogi .....	142
C. <i>Implikasi</i> .....	143

<b>KAPUSTAKAN</b> .....	144
-------------------------	-----

<b>LAMPIRAN</b> .....	146
-----------------------	-----

## PRATELAN BAGAN

kaca

<i>Bagan 1</i>	: <i>Alur</i> Damel Buku Sinau Maos saha Nyerat Aksara Jawa kanthi Irah-irahan “Caraka” kangge Siswa SMP.....	27
----------------	--	----

## PRATELAN TABEL

	kaca
<i>Tabel 1</i> : Pasangan Aksara Jawa .....	10
<i>Tabel 2</i> : Aksara Swara .....	11
<i>Tabel 3</i> : Aksara Rekan .....	12
<i>Tabel 4</i> : Sandhangan Swara .....	13
<i>Tabel 5</i> : Sandhangan Panyigeg Wanda .....	14
<i>Tabel 6</i> : Sandhangan Wyanjana.....	15
<i>Tabel 7</i> : Angka Jawa .....	15
<i>Tabel 8</i> : <i>Kategori Pamijining Kualitas Media</i> .....	35
<i>Tabel 9</i> : <i>Kategori Pamijining Pamanggih Siswa</i> .....	36
<i>Tabel 10</i> : <i>SK, KD, saha Indikator Wulangan Aksara Jawa SMP</i> .....	38
<i>Tabel 11</i> : <i>Asiling Observasi Pamulangan Basa Jawi saha Kahanan Siswa</i> ....	41
<i>Tabel 12</i> : <i>Asiling Validasi Kualitas Media Tataran I dening Dosen Ahli</i> <i>Materi Perangan Komponen Kelayakan Isi</i> .....	45
<i>Tabel 13</i> : <i>Asiling Validasi Kualitas Media Tataran II dening Dosen Ahli</i> <i>Materi Perangan Komponen Kelayakan Isi</i> .....	46
<i>Tabel 14</i> : <i>Asiling Validasi Kualitas Media Tataran I dening Dosen Ahli</i> <i>Materi Perangan Komponen Kelayakan Penyajian</i> .....	52
<i>Tabel 15</i> : <i>Asiling Validasi Kualitas Media Tataran II dening Dosen Ahli</i> <i>Materi Perangan Komponen Kelayakan Penyajian</i> .....	53
<i>Tabel 16</i> : <i>Asiling Validasi Kualitas Media Tataran I dening Dosen Ahli</i> <i>Materi Perangan Basa</i> .....	56
<i>Tabel 17</i> : <i>Asiling Validasi Kualitas Media Tataran II dening Dosen Ahli</i> <i>Materi Perangan Basa</i> .....	57
<i>Tabel 18</i> : <i>Asiling Mindhakupun Biji wonten Validasi Kualitas Media Tataran</i> <i>I saha Tataran II dening Dosen Ahli Materi</i> .....	63
<i>Tabel 19</i> : <i>Asiling Validasi Kualitas Media Tataran I dening Dosen Ahli</i> <i>Media Perangan Desain Cover Buku</i> .....	66

<i>Tabel 20</i>	: Asiling <i>Validasi Kualitas Media</i> Tataran II dening <i>Dosen Ahli Media Perangan Desain Cover Buku</i> .....	67
<i>Tabel 21</i>	: Asiling <i>Validasi Kualitas Media</i> Tataran I dening <i>Dosen Ahli Media Perangan Desain Isinipun Buku</i> .....	72
<i>Tabel 22</i>	: Asiling <i>Validasi Kualitas Media</i> Tataran II dening <i>Dosen Ahli Media Perangan Desain Isinipun Buku</i> .....	73
<i>Tabel 23</i>	: Asiling <i>Mindhakipun Biji wonten Validasi Kualitas Media</i> Tataran I saha Tataran II dening <i>Dosen Ahli Media</i> .....	80
<i>Tabel 24</i>	: Asiling <i>Validasi Kualitas Media</i> dening <i>Guru Basa Jawi Perangan Komponen Kelayakan Isi</i> .....	83
<i>Tabel 25</i>	: Asiling <i>Validasi Kualitas Media</i> dening <i>Guru Basa Jawi Perangan Kelayakan Penyajian</i> .....	88
<i>Tabel 26</i>	: Asiling <i>Validasi Kualitas Media</i> dening <i>Guru Basa Jawi Perangan Basa</i> .....	91
<i>Tabel 27</i>	: Asiling <i>Biji wonten Validasi Kualitas Media</i> dening <i>Guru Basa Jawi</i> .....	97
<i>Tabel 28</i>	: Asiling <i>Angket Pamanggihipun Siswa Perangan Materi</i> .....	99
<i>Tabel 29</i>	: Asiling <i>Angket Pamanggihipun Siswa Perangan Tampilan</i> .....	101
<i>Tabel 30</i>	: <i>Revisi Media</i> <i>Buku kanthi Sinau Maos saha Nyerat Aksara Jawa Irah-irahan “Caraka” kangge Siswa SMP</i> .....	121
<i>Tabel 31</i>	: Asiling <i>Biji Kualitas Media</i> <i>Buku kanthi Sinau Maos saha Nyerat Aksara Jawa Irah-irahan “Caraka” kangge Siswa SMP</i> .....	138

## PRATELAN GAMBAR

	kaca
Gambar 1 : <i>Tampilan desain cover buku</i> .....	110
Gambar 2 : <i>Tampilan desain subjudul buku</i> .....	111
Gambar 3 : <i>Tampilan desain isi buku</i> .....	112
Gambar 4 : <i>Tampilan desain gladhen pungkasan</i> .....	113
Gambar 5 : <i>Tampilan desain ukuranipun buku</i> .....	114
Gambar 6 : <i>Tampilan desain jinising font</i> .....	114
Gambar 7 : <i>Tampilan panyerating materi bab 1</i> .....	116
Gambar 8 : <i>Tampilan panyerating materi bab 2-6 perangan andharan materi saha tuladha aksara materi</i> .....	117
Gambar 9 : <i>Tampilan panyerating materi bab 2-6 perangan tuladha tembung saha gladhen</i> .....	118
Gambar 10 : <i>Tampilan panyerating materi bab 2-6 perangan kunci gladhen</i> ..	118
Gambar 11 : <i>Tampilan panyerating materi bab 7</i> .....	119
Gambar 12 : <i>Tampilan kapustakan bab 1 saderengipun revisi</i> .....	124
Gambar 13 : <i>Tampilan kapustakan wonten salebetipun materi saderengipun revisi</i> .....	124
Gambar 14 : <i>Tampilan kapustakan bab 1 saderengipun revisi</i> .....	125
Gambar 15 : <i>Tampilan kapustakan wonten salebetipun materi saderengipun revisi</i> .....	125
Gambar 16 : <i>Tampilan panyerating tembung saderengipun revisi</i> .....	126
Gambar 17 : <i>Tampilan kapustakan wonten salebetipun materi sasampunipun revisi</i> .....	126
Gambar 18 : <i>Tampilan subjudul saha irah-irahan materi saderengipun revisi</i> .	128
Gambar 19 : <i>Tampilan subjudul saha irah-irahan materi sasampunipun revisi</i>	129
Gambar 20 : <i>Tampilan blok saderengipun revisi</i> .....	130
Gambar 21 : <i>Tampilan blok sasampunipun revisi</i> .....	130
Gambar 22 : <i>Tampilan tembung wonten ing kaca 7 saha 9 saderengipun revisi</i> .....	133

Gambar 23 : <i>Tampilan</i> tembung wonten ing kaca 7 saha 9 sasampunipun <i>revisi</i> .....	133
Gambar 24 : <i>Tampilan</i> tembung wonten ing kaca 11 saderengipun <i>revisi</i> .....	134
Gambar 25 : <i>Tampilan</i> tembung wonten ing kaca 11 sasampunipun <i>revisi</i> .....	135
Gambar 26 : Pamrayogi saking Firman A.K .....	136
Gambar 27 : Pamrayogi saking Memehy Dwi.A.....	137

## **PRATELAN LAMPIRAN**

### *Lampiran 1*

- A. *Silabus*
- B. *Asiling observasi* pamulangan basa Jawi saha kahanan siswa

*Lampiran 2* : *Naskah media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP

### *Lampiran 3*

- A. Lembar *validasi* saking *dosen ahli materi*
- B. Lembar *validasi* saking *dosen ahli media*
- C. Lembar *validasi* saking guru basa Jawi
- D. Lembar *evaluasi* pamangihipun siswa

*Lampiran 4* : *Tampilan Media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP

*Lampiran 5* : *Perijinan*

*Lampiran 6* : *Dokumentasi*

# DAMEL BUKU KANTHI IRAH-IRAHAN SINAU MAOS SAHA NYERAT AKSARA JAWA “CARAKA” KANGGE SISWA SMP

**Dening: Muhammad Fuad  
Novianto NIM 10205241037**

## SARINING PANALITEN

Panaliten menika ancasiipun kangge ngandharaken (1) caranipun damel *media* buku kanthi sinau maos saha nyerat aksara Jawa irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP, (2) pamijining *kualitas media* dening *dosen ahli materi*, dosen ahli *media* saha guru basa Jawi babagan *media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP, (3) pamanggih saking guru basa Jawi saha siswa SMP bab *media* buku kanthi irah-irahan sinau maos saha nyerat aksara Jawa “Caraka” kangge siswa SMP

Panaliten menika kalebet jinis panaliten *Research and Development (R&D)* inggih menika panaliten kangge ngasilaken *produk* tartamtu saha pamijining *keefektifan produk* kasebut. *Produk* ingkang dipunasilaken inggih menika *media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP. *Produk media* menika dipun-*validasi* dening *dosen ahli materi*, *dosen ahli media*, saha guru basa Jawi, sarta dipun-*ujicoba* dhateng 12 siswa kelas VIII A SMP N 1 Rowokele. Asiling *validasi* dipunandharaken kanthi *deskriptif* kangge mangertosi *kualitas media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP.

Asiling panaliten menika nedahaken bilih (1) anggenipun damel *media* menika kanthi tataran *analisis* kabetahan, ngrancang *media*, damel *media*, *validasi* saha *ujicoba* winates ngantos *revisi* saha ngasilaken *produk* ingkang pungkasan; (2) pamijining *kualitas media* adhedhasar *validasi kualitas media* dening *Dosen Ahli Materi* pikantuk biji *rata-rata* 97,04% kagolong *kategori* “sae sanget”, *validasi kualitas media* dening dosen ahli *media* pikantuk biji *rata-rata* 79,63% kagolong *kategori* “sae”, pambiji dening guru basa Jawi pikantuk biji *rata-rata* 99,35% kagolong *kategori* “sae sanget”; saha (3) pamanggih saking guru basa Jawi pikantuk biji *rata-rata* 99,35% kagolong *kategori* “sae sanget”, sarta pamanggih saking siswa kelas VIII tumrap *media* pikantuk biji *rata-rata* 93,85% kagolong *kategori* “sarujuk sanget”. Kanthi mekaten saged dipunpendhet dudutan bilih *media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP pikantuk pamanggih sae sanget saha *layak* dipunginakaken kangge sinau aksara Jawa ingkang saged nggampilaken siswa anggenipun mangertos *materi* aksara Jawa.

## **BAB I PURWAKA**

### **A. Dhasaring Panaliten**

Basa Jawi menika kagolong basa Austronesia inggih menika basa ingkang dipunangge tiyang pribumi wonten ing sakidul-wetaning bawana Asia. Basa Jawi dipunginakaken langkung saking 80 yuta panutur *asli*. Basa Jawi dipunginakaken dening tiyang Jawi Tengah, Yogyakarta, Jawi Timur saha saperangan Jawi Barat. Basa Jawi ugi dipunwulang minangka pamulangan *muatan lokal* wonten ing sekolah SD, SMP, SMA ing Jawi Tengah, Yogyakarta, saha Jawa Timur.

Pamulangan basa Jawi wonten ing sekolah menika namung kalih jam kemawon saben minggunipun. Wonten ing pamulangan basa Jawi menika wonten *materi* aksara Jawa, aksara Jawa inggih menika aksara ingkang kangge nyerat tembung abasa Jawi. *Materi* aksara Jawa menika salah satunggaling *materi* ingkang awrat miturut pamanggihipun siswa.

Wonten ing jaman ingkang sampun majeng menika sadayanipun ngginakaken *teknologi modern*, ndandosaken siswa kirang remen maos buku. Menapa malih siswa maos seratan ingkang ngginakaken aksara Jawa, amargi miturut siswa maos seratan ingkang ngginakaken aksara Jawa menika awrat.

Buku menika minangka *sumber* pasinaon siswa wonten ing sekolah. Sekolah nyamektakaken buku pamulangan ingkang saged dipunsinaoni siswa, nanging awit *teknologi* ingkang majeng menika siswa dados kesed anggenipun maos buku amargi siswa sampun gumantung kaliyan *teknologi*. Supados siswa remen

anggenipun maos buku, pramila dipunbetahaken buku ingkang saged narik kawigatosan siswa, saking *desain* saha *penyajian* supados gampil dipunmangertos dening siswa.

Buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP menika gadhah *ukuran* ingkang beda kaliyan buku sanesipun. Ukuran buku ingkang alit satemah saged dipunlebetaken sak, gampil dipunbekta dening siswa. Ukuran buku ingkang alit, *materi* ingkang wonten ugi ringkes supados gampil dipunmangertos. Buku menika dipundamel supados siswa remen maos buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP, awit buku menika siswa saged sinau saha gladhen maos saha nyerat aksara Jawa.

## **B. Underaning Prakawis**

Miturut dhasaring panaliten ingkang sampun dipunandharaken menika, saged nuwuhaken underaning prakawis. Underaning prakawis ingkang wonten ing panaliten menika inggih menika.

1. Siswa taksih awrat sinau bab sinau maos saha nyerat aksara Jawa.
2. Kirangipun *media* pasinaon ingkang gayut kaliyan *materi* aksara Jawa.
3. *Teknologi modern* ndadosaken siswa menika kirang remen maos buku.
4. Siswa dereng gadhah buku kangge *sumber* sinau maos saha nyerat aksara Jawa.
5. Taksih sakedhik *pengembangan* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kangge siswa SMP.

### C. Watesaning Prakawis

Andhedhasar prakawis ingkang jembar sanget wonten ing underaning prakawis, pramila prelu dipunbetahaken watesan. Watesaning prakawis ingkang wonten panaliten menika langkung *konsen* ing *proses* damel buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP satemah saged dipundamel *produk* buku ingkang trep kaliyan *materi* saha *layak* utawi saged dipunginakaken.

### D. Wosing Prakawis

Miturut underaning prakawis saha watesaning prakawis wonten ing nginggil menika, saged dipunpendhet wosing prakawis saking panaliten menika. Wosing prakawis ing panliten menika inggih menika.

1. Kadospundi damel buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP kanthi *ukuran, penyajian* saha *desain* ingkang *layak* kangge *sumber* pasinaon siswa SMP ?
2. Kadospundi damel buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP ingkang trep kaliyan pamanggihipun *dosen ahli materi, dosen ahli media* saha guru basa Jawi ?

### E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing prakawis ing nginggil, saged kapendhet ancasing panaliten. Ancasing panaliten menika dipunandharaen wonten ing menika.

1. Damel buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka”

kangge siswa SMP kanthi ukuran, materi, penyajian, saha desain ingkang layak dipunginakaken kangge sumber sinau tumrap siswa SMP.

2. Damel buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP ingkang trep kaliyan pamanggihipun dosen ahli materi, dosen ahli media, saha guru basa Jawi.

#### **F. Paedahing Panaliten**

Adhedhasar ancasing panaliten ing nginggil, saged kapendhet paedahing panaliten. Paedahing panaliten menika awujud satunggaling *produk media* ingkang mumpangati kangge.

1. Siswa, *produk* ingkang arupi buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP menika saged dados sumber sinau siswa bab sinau aksara Jawa kanthi *mandiri* satemah saged mbiyantu siswa kangge mangertosi materi aksara Jawa.
2. Guru basa Jawi, *produk* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP saged mbiyantu nggampilaken guru paring materi kangge siswa.
3. Panaliti, kasil saking panaliten menika saged sarana sinau panaliti nyaosaken *kontribusi* kangge pendidikan kanthi damel *inovasi produk*.
4. *Lembaga*, panaliten menika saged nyaosken paedah kangge Jurusan PBD kangge nambah *referensi*.

## **G. Asumsi saha Winatesing Panaliten**

### 1. *Asumsi* Panaliten

- a. Buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP menika saged dados *sumber* sinau kanthi *mandiri* kangge siswa bab *materi* sinau maos saha nyerat aksara Jawa.
- b. Siswa langkung ketarik kawigatosanipun satemah saged langkung remen sinau aksara Jawa kanthi *mandiri*.

### 2. Winatesing Panaliten

- a. *Ujicoba* dipuntindakaken namung wonten ing SMP N 1 Rowokele amargi winatesing wekdal, wragad, saha tenaga.
- b. *Validitas produk* namung saking *ahli materi*, *ahli media*, guru, saha *ujicoba* winates.

## **BAB II GEGARAN TEORI**

### **A. Aksara Jawa**

Aksara Jawa inggih menika warisan ingkang *maha karya* saking para sesepuh tiyang Jawi. Aksara Jawa kedah dipunlestantunaken, aksara Jawa ingkang baku asring dipusebut aksara legena inggih menika aksara ingkang cacahipun 20 aksara *pokok*, saha saben aksara wonten pasanganipun piyambak-piyambak ingkang ndandosaken aksara Jawa asipat *konsonantal* (Mulyani, 2011:5). Aksara Jawa asipat *silabik*, tegesipun saben satunggal aksara nggambaraken satunggal wanda.

#### **1. Cariyos Sejarahipun Aksara Jawa**

Rumiyan wonten satunggaling pulo ingkang namanipun Pulo Majethi, wonten ing pulo menika wonten ksatria ingkang gagah prakosa ingkang namanipun Raden Ajisaka. Ajisaka gadah punggawa kalih inggih menika Dora kaliyan Sembada, punggawa menika satuhu setya sanget dhumateng Ajisaka boten nate mbalela dhawuhipun Ajisaka.

Wonten ing sawijining dinten Ajisaka gadah kakajengan badhe tindak lelana tumuju ing pulo sasanipun. Ajisaka dipunkancani namung kaliyan satunggal punggawanipun inggih menika Dora, wondene Sembada dipundhawuhi tetep wonten ing Pulo Majethi njagi pusakanipun Ajisaka. Pusakanipun Ajisaka boten kenging dipuntilar saha dipundhut tiyang sanes kajawi Ajisaka piyambak ingkang mundhut pusakanipun.

Ajisaka tindak lelayaran, pungkasanipun Ajisaka manggihaken sawijining

pulo. Wonten ing pinggir pulo menika wonten tiyang sepuh ingkang katingal bingung menggalih satunggaling prakawis. Ajisaka mandhap saking kapal, Ajisaka gumun mirsani pulo menika ingkang sepen saha katingal wingit. Ajisaka nyuwun pirsu dhateng tiyang sepuh menika ingkang sajatosipun patih ing Kerajaan Medhangkamulan.

Patih menika ngendika dhateng Ajisaka bilih Kerajaan Medhangkamulan kagungan raja ingkang kersa dhahar daging manungsa, nama ratunipun Prabu Dewatacengkar. Ajisaka nyuwun dhateng patih menika supados tumut ing kerajaan kangge dados dhaharanipun raja menika. Sajatosipun patih menika boten kersa, nanging Ajisaka meksa kemawon. Pungkasanipun patih kersa ngaturaken Ajisaka dhateng kerajaanipun.

Sasampunipun dumugi ing Medhangkamulan Ajisaka kapanggih Prabu Dewatacengkar lajeng matur bilih Ajisaka purun dados dhaharanipun Prabu, nanging Ajisaka nyuwun bebana saderengipun kadhahar. Ajisaka menika nyuwun siti ingkang panjangnipun saiket ingkang dipunangge dening Ajisaka, nanging Prabu Dewatacengkar ingkang ngukur piyambak. Prabu Dewatacengkar nyarujuki bebanipun Ajisaka. Salajengipun, Prabu Dewatacengkar miwiti narik iketipun Ajisaka. Ananging, iketipun Ajisaka panjang sanget boten pedhot-pedhot ngantos Prabu Dewatacengkar dumugi ing sapinggiripun samudra. Salajengipun, iketipun Ajisaka digibasaken dening Ajisaka ndandosaken Prabu Dewatacengkar dhawah ing samudra saha seda.

Rakyat Medhangkamulan bingah sanget awit sedanipun Prabu Dewatacengkar. Pungkasanipun Ajisaka dipundadosaken raja wonten ing

Medhangkamulan. Ajisaka mimpin kerajaan kanthi wicaksana, awit saking menika Ajisaka dipunhormati sanget dening rakyatipun. Ajisaka kemutan punggawa ingkang satunggal malih inggih menika Sembada, ingkang dipundhawuhi njagi pusakanipun. Salajengipun, Ajisaka ndhawuhi Dora supados methuk Sembada wonten Majethi.

Wonten Majethi Dora kapanggih kaliyan Sembada ingkang saweg njagi pusakanipun Ajisaka, Dora matur kaliyan Sembada supados methuk piyambakipun ndherek ing Medhangkamulan. Mireng Dora matur samenika, Sembada boten pitados kaliyan Dora saha yakin bilih Dora menika goroh. Sembada tetep wonten ing pulo menika njagi pusaka ngantos Ajisaka piyambak ingkang mundhut. Pungkasanipun Dora kaliyan Sembada gelut nanging boten wonten ingkang kawon amargi sami-sami kiat.

Ajisaka bingung amargi Dora boten wangsul-wangsul, Ajisaka emut bilih rumiyin piyambakipun dhawuh dhateng Sembada bilih boten kenging nilar pusakanipun kajawi piyambakipun ingkang mundhut. Ajisaka nusul Dora dhateng Majethi, sasampunipun dhateng Majethi Ajisaka manggihaken bilih Dora kaliyan Sembada sampun seda.

Awit mirsani kadadosan ingkang makaten Ajisaka duka sanget saha rumaos lepat amargi ndadosaken Dora kaliyan Sembada gelut ngantos seda, nalika duka Ajisaka ngendika “hana caraka” “data sawala” “padha jayanya” “maga bathanga”, ingkang tegesipun wonten utusan, padha gelut, sami-sami kiat, dados bathang sadayanipun utawi sami-sami pejah. Cariyos menika kapendhet saking buku anggitanipun Muhammad Ali Sofi kanthi irah-irahan “*Sinau Aksara Jawa untuk*

*Anak*” ingkang kaserat taun 2012 wonten ing Yogyakarta.

## 2. Cara Nyerat Aksara Jawa

Aksara Jawa menika anggenipun nyerat saking kiwa manengen, papanipun wonten ing sangandhapipun garis, menawi papan kangge nyerat wonten garisipun. Aksara Jawa asipat *silabik*, tegesipun saben satunggal aksara nggambaraken satunggal wanda. Beda kaliyan aksara Latin ingkang *fonemis*, tegesipun saben satunggal aksara nggambaraken satunggal *inti bunyi* (Mulyani, 2011:5). Aksara Jawa menika ugi asipat *konsonantal*, tegesipun saben satunggal aksara ingkang dipunpasangi utawi dipunpangku nggambaraken satunggal *konsonan* utawi aksara ingkang boten madeg piyambak tanpa aksara swara. Dene panyeratipun aksara Jawa menika boten milah-milahaken antawisipun tembung satunggal kaliyan tembung satunggalipun, dados kaserat lajengan kemawon. Seratan menika kasebut *scriptio-continuo*.

## 3. Aksara Jawa Legena

Aksara Jawa menika kaperang dados 20 aksara pokok utawi ingkang asring dipunsebut aksara legena ingkang saged dipunurutaken dados cerkak, inggih menika “hana caraka” ingkang tegesipun ana utusan, “data sawala” ingkang tegesipun padha garejegan, “padha Jayanya” ingkang tegesipun Padha digdayane, “maga bathanga” ingkang tegesipun padha dadi bathang. Pramila saking 20 aksara kalawau dipundadosaken cariyos kangge nggampilaken angenipun ngemut-emut aksara Jawa. Aksara Jawa legena dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.



= ha na ca ra ka



= da ta sa wa la



pa dha ja ya nya



ma ga ba tha nga

**4. Pasangan Aksara Jawa**

Pasangan Aksara Jawa tegesipun aksara ingkang dipunangge nyigeg aksara ingkang dipunpasangi wonten ngajengipun (Darusuprta, 1994:4). Pasangan menika wonten ingkang dipunserat ing ngandhap saha wonten ingkang wingkingipun aksara.

Tabel 1: Pasangan Aksara Jawa

Aksara Jawa	Pasangan	Aksara Jawa	Pasangan
[Redacted]	...	[Redacted]	...
[Redacted]	...	[Redacted]	...
[Redacted]	...	[Redacted]	...
[Redacted]	...	[Redacted]	...
[Redacted]	...	[Redacted]	...
Aksara Jawa	Pasangan	Aksara Jawa	Pasangan
[Redacted]	...	[Redacted]	...
[Redacted]	...	[Redacted]	...
[Redacted]	...	[Redacted]	...
[Redacted]	...	[Redacted]	...
[Redacted]	...	[Redacted]	...

## 5. Aksara Swara

Aksara swara dipunginakaken kangge nyerat aksara ngamanca. Aksara swara sajatosipun namung wonten gangsal, inggih menika a,i,e,u,o. Ananging re saha le kalebet aksara swara ugi (Mulyani, 2011:9), milanipun wonten ingkang mastani bilih aksara swara wonten pitu (mila ing sangkalan swara awatak 7. Aksara swara menika dipunandharaken wonten ing tabel ngandhap menika.

Tabel 2: Aksara Swara

Aksara Swara		
		<b>a</b>
		<b>i</b>
		<b>e</b>
		<b>u</b>
		<b>o</b>
		<b>re</b>
		<b>le</b>

## 6. Aksara Rekan

Aksara rekan utawi aksara damelan menika kangge mujudaken aksara ngamanca, langkung-langkung aksara Arab (Mulyani, 2011:8). Aksara menika kathahipun wonten gangsal, inggih menika: kha, dza, fa/va, za, saha gha. Aksara rekan menika dipunandharaken wonten ing tabel ngandhap menika.

Tabel 3: Aksara Rekan

Aksara Rekan		
		<b>kha</b>
		<b>dza</b>
		<b>fa/va</b>
		<b>za</b>
		<b>gha</b>

## 7. Sandhangan Aksara Jawa

Sandhangan aksara Jawa inggih menika praboting aksara Jawa kangge mbedakaken ungeling wanda ing basa Jawi (Mulyani, 2011: 10). Sandhangan ing aksara Jawa wonten warni 3 inggih menika: sandhang swara, sandhangan panyigeg wanda, saha sandhangan wyanjana. Wondene andharanipun dipunserat wonten ing ngandhap menika.

### a. Sandhangan Swara

Sandhangan swara inggih menika sandhangan aksara Jawa ingkang fungsipun nggantos *fonem* a wonten ing aksara Jawa legena dados swara sanesipun (Mulyani, 2012:34). Jinising sandhangan swara wonten gansal inggih menika: wulu, suku, pepet, taling, taling-tarung. Wondene ginanipun sandhangan swara dipunandhraken wonten ing ngandhap menika.

- 1) Wulu inggih menika ndandosaken swanten dados i
- 2) Suku inggih menika ndandosaken swanten dados u
- 3) Pepet inggih menika ndandosaken swanten dados ê

- 4) Taling inggih menika ndandosaken swanten dados e
- 5) Taling-tarung inggih menika ndandosaken swanten dados o

Sandhangan swara tamtu wonten wujudipun. Wujud sandhangan swara menika saged dipunpirsani wonten ing *tabel* ngandhap menika.

Tabel 4: **Sandhangan Swara**

Sandhangan Swara		
...		<b>Wulu (i)</b>
...		<b>Suku (u)</b>
...		<b>Pepet (ê)</b>
	.	<b>Taling (e)</b>
	.	<b>Taling tarung (o)</b>

#### b. Sandhangan Panyigeg Wanda

Sandhangan panyigeg wanda Inggih menika sandhangan ingkang ndandosaken panyigeging wanda utawi nyigeg swara (Mulyani, 2012:34), sandhangan menika wonten. Jinising sandhangan panyigeg wanda wonten 4 inggih menika: layar, wignyan, paten, cecak. Wondene ginanipun sandhangan panyigeg wanda dipunpirsani wonten ing *tabel* ngandhap menika.

- 1) Layar inggih menika sandhangan ingkang ndandosaken *fonem* r wonten ing aksara Jawa legena.
- 2) Wignyan inggih menika sandhangan ingkang ndandosaken *fonem* h wonten ing aksara Jawa legena.
- 3) Paten utawi pangkon inggih menika sandhangan ingkang kangge nyigeg

utawi kangge ngicalaken *fonem* a wonten ing aksara Jawa legena.

- 4) Cecak inggih menika sandhangan ingkang ndandosaken *fonem* ng wonten ing aksara Jawa legena.

Sandhangan panyigeg wanda tamtu wonten wujudipun. Wujud sandhangan panyigeg wanda menika dipupirsani wonten ing *tabel* ngandhap menika.

Tabel 5. Sandhangan Panyigeg Wanda

Sandhangan Panyigeg Wanda		
...		layar (r)
...		wignyan (h)
...		paten ( )
...		cecak (ng)

### c. Sandhangan Wyanjana

Sandhangan Wyanjana wonten tigang warnipun (Mulyani, 2012:35). Wondene ginanipun sandhangan wyanjana dipunandhaken wonten ing ngandhap menika

- 1) Cakra inggih menika gantosipun pasangan ra ing aksara Jawa legena
- 2) Keret inggih menika kangge gantosipun cakra pepet utawi re ing aksara Jawa legena
- 3) Pengkal inggih menika kangge gantosipun panjang ya wonten ing aksara Jawa legena,

Sandhangan wyanjana tamtu wonten wujudipun. Wujud sandhangan wyanjana menika saged dipupirsani wonten ing *tabel* kaca salajengipun menika.

Tabel 6. Sandhangan Wyanjana

Sandhangan Wyanjana	
...	<b>cakra (kra)</b>
...	<b>Keret (kre)</b>
...	<b>pengkal (pyah)</b>

## 8. Angka Jawa

Aksara Jawa ugi saged kangge nyerat angka, wujud angka Jawa ugi sami kaliyan aksara Jawa sasanesipun. Ananging, ingkang mbedakaken inggih menika menawi wonten angka Jawa wonten ing tengah ukara ngginakaken tanda kados tanda pada pangkat ing angka Jawa (Sofi, 2011:59). Angka Jawa tamtu wonten wujudipun. Wujud angka Jawa menika dipupirsani wonten ing *tabel* ngandhap menika.

Tabel 7. Angka Jawa

Angka Jawa	
1	6
2	7
3	8
4	9
5	0

## **B. Sumber Sinau**

### **1. Definisi Sumber Sinau**

Miturut *AECT (Association for Education and Communication Technology)* wonten ing Miarso (1986:9) ngandharaken bilih *sumber sinau (learning resources)* tegesipun sadaya *sumber* ingkang arupi *data*, manungsa utawi wujud tartamtu ingkang saged dipunginakaken siswa ing pasinaon, ingkang kapisah utawi *kombinasi* satemah nggampilaken siswa anggenipun madosi ancasing pasinaonipun utawi *kompetensi* ingkang tartamtu. Satemah ancasing pasinaon ingkang dipungayuh saged sae utawi jumbuh kaliyan SK saha KD ingkang wonten.

*Sumber sinau* inggih menika *bahan-bahan* ingkang dipunangge saha dipunbetahaken wonten ing *proses* pasinaon, ingkang saged arupi buku teks, *media cetak, media elektronik, narasumber, lingkungan sekitar*, saha sadaya ingkang saged ngindhakaken *keaktifan* wonten proses pasinaon. Miturut Tomlinson (2012: 145) ngandharaken bilih *materi sinau* basa inggih menika sadaya ingkang saged dipunginakaken kangge sinau basa, kados buku *teks, video, flashchard, games, website, interaction telephone*, saha *literature* ingkang dipuncetak.

*Sumber sinau* tegesipun sadaya ingkang wonten ing lingkungan pasinaon ingkang *fungsi-nipun* kangge mbiyantu damel *optimalisasi* kasiling pasinaon. *Optimalisasi* menika boten namung saking kasil pasinaon, nanging ugi saking *proses* pasinaon menika ingkang arupi *interaksi* siswa kaliyan *sumber* pasinaon ingkang saged nuwuhaken kawigatosanipun siswa kangge sinau saha langkung

cepat mangertos saha nguwaosi *materi* ingkang dipunsinaoni.

## 2. *Klasifikasi Sumber Sinau*

*Klasifikasi sumber sinau* miturut AECT (*Association for Education and Communication Technology*) wonten ing Miarso (1986:9-10) mbabar jinising *sumber sinau* wonten nem. Jinising *sumber sinau* kasebut dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

- a. *Pesan (message)*, inggih menika *sumber sinau* ingkang awujud *pesan formal* kaliyan *nonformal*. *Pesan* ingkang *formal* inggih menika *pesan* ingkang dipunandharaken dening lembaga ingkang resmi utawi *pesan* ingkang dipunandharaken dening guru wonten ing *proses* pasinaon, ingkang awujud lisan utawi tulisan utawi *dokumen*, tuladhanipun *peraturan pemerintah, kurikulum, silabus*, bahan pasinaon, lan sapanunggalanipun. *Pesan nonformal* inggih menika *pesan* ingkang wonten ing *masyarakat* ingkang dipunginakaken kangge bahan pasinaon, kados *cerita rakyat, dongeng, hikayat*, lsp.
- b. *Manungsa (people)*, inggih menika tiyang ingkang gadah *informasi*. *Manungsa/tiyang* saged dados *sumber sinau*, nanging manungsa kaperang dados 2 kelompok, inggih menika a) manungsa ingkang dipun-*desain* dados *sumber sinau* ingkang utami ingkang *professional* ing pasinaon kados guru, *intrukstur, konselor, widyaiswara*, lsp. b) manungsa ingkang kaping kalih inggih menika manungsa ingkang boten dipun-*desain* dados *sumber sinau* nanging saged dados *sumber sinau* kados *ketua RT, dokter, atlet, pengacara*, lsp.

- c. *Bahan (Materials)*, inggih menika *format* ingkang dipunginakaken kangge nyimpen *pesan* pasinaon, kados buku, *alat peraga, film*, lsp.
- d. *Alat (device)* inggih menika arupi sadaya perangan ingkang *fidik* utawi asring dipunsebut *perangkat keras*, ingkang *fungsi-nipun* kangge nyamektakaken *bahan* pasinaon, kados *komputer, radio, tv, lcd*, lsp.
- e. *Teknik (technic)* inggih menika cara ingkang dipunginakaken kangge nerangaken pasinaon satemah saged kapendhet ancasing pasinaon menika kados *ceramah, diskusi, seminar, simulasi*, lsp.
- f. *Latar (setting)* inggih menika *lingkungan* utawi papan ingkang wonten ing sekolah utawi ing sanes sekolah, ingkang sengaja utawi boten sengaja dipunsamektakaken kangge pasinaon kados *perpustakaan, ruang kelas, kantor, museum*, lsp.

### 3. Fungsi Sumber Sinau

*Sumber* sinau menika *fungsi-nipun* wigatos sanget ing pasinaon. Menawi *media* namung kangge ngandharaken *pesan*, nanging *sumber* sinau boten namung menika. Sumber sinau ugi wonten *strategi, metode, saha teknik*-ipun. Rusman (2008:130) ngandharaken bilih *optimalisasi sumber* sinau kangge mangsuli prakawis ingkang wonten ing pamulangan inggih menika pitakenan ingkang dados *pedoman* inggih menika menapa prakawis pamulangan ingkang wonten?, kadospundi *sumber* pasinaon menika saged mbiyantu ?, kadospundi *sumber* sinau menika saged maedahi kangge siswa utawi guru ?, pinten laminipun saged dipunangge ?, menapa *sarana* ingkang dipunbetahhaken ?, kadospundi anggenipun dipuntemtokaken mutunipun ?, menapa *sumber* menika saged

dipungantos ?; kadospundi cara manggihaken ?.

*Sumber* sinau menika *fungsi*-nipun mawarni-warni. Wondene saking manika warni menika kaandharaken kados ing ngandhap menika.

a. Kangge ngindhakaken *produktifitas* pasinaon kanthi.

- 1) Langkung cepet *proses* pasinaon saha saged nggampilaken guru ngginakaken wekdal ingkang trep utawi ingkang langkung sae.
- 2) Damel kirang *beban* guru maringi *informasi* pasinaon ing sekolahan.

b. Maringaken pasinaon ingkang *individual* kanthi cara.

- 1) Damel kirang *kontrol* guru ingkang kaku saha tradisional.
- 2) Siswa saged langkung *kreatif* saha *berkembang*.

c. Maringaken dhasar ingkang langkung *ilmiah* ing pasinaonan kanthi cara.

- 1) Mujudaken *rencana program* pasinaon ingkang langkung *sistematis*.
- 2) Damel *bahan* pasinaon ingkang dipundhasari panaliten.

d. Mantepaken pasina kanthi cara.

- 1) Ngindhakaken *kemampuan sumber* sinau.
- 2) *Penyajian informasi* saha *bahan* ingkang langkung *kongret*.

e. Manggihaken pasinaon ingkang sawetawis, inggih menika.

- 1) Ngirangaken *kesenjangan* pasinaonan ingkang asipat *verbal* saha *abstrak* kanthi *realitas* ingkang langkung *kongret*.
- 2) Maringaken *pengetahuan* ingkang sipatipun *langsung*.

f. Manggihaken pasinaonan ingkang langkung jembar, kanthi maringaken informasi ingkang jembar.

## C. Buku Saku

### 1. Pangertosan Buku

Buku miturut *istilah* inggih menika cendhela dunya, ukara ingkang asring kita sadaya mirengaken bab buku. Kita sadaya pikantuk kawruh saking maos buku, paedahing buku inggih menika kangge sinten kemawon ingkang maos buku menika. Badudu dan Zain (1996:217) ngandharaken buku inggih menika *lembar kertas* ingkang dipun-*jilid*, ingkang isinipun seratan utawi *kosong*: kitab. Buku inggih menika *terbitan* ingkang ngrembag *informasi* tartamtu ingkang dipundamel, dipunserat saboten-botenipun 64 kaca boten kapetang kaca sampul, dipun-*terbit*-aken dening *penerbit* utawi *lembaga* tartamtu, sarta wonten ingkang tanggung jawab bab isinipun ingkang wonten ing salebeting buku (Darmono, 2007:65).

Awit andharan menika saged kapendhet dudutan bilih buku inggih menika lembar kertas ingkang isinipun *informasi*/ingkang awujud seratan, ingkang kathahipun saboten-botenipun 64 kaca, ingkang dipun-*terbit*-aken dening *penerbit* saha saged dipundadosaken *sumber* pasinaon. Kajawi menika buku ugi lembar kertas ingkang kajilid.

### 2. Buku Saku

Buku *Saku* inggih menika buku ingkang ukuranipun alit satemah saged dipunlebetaken wonten ing sak rasukan saha saged dipunbekta wonten ing pundi-pundi (Badudu dan Zain, 1996:217). Awit saking andharan menika saged dipunpendhet dudutan bilih *buku saku* inggih menika buku ingkang ukuranipun alit satemah saged dipunlebetaken wonten ing sak rasukan saha awit ukuranipun

ingkang alit saged dipubekta wonten ing pundi kemawon. Wonten ing panaliten menika buku saku ingkang dipundammel inggih menika buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP ingkang saged dipundadosaken *sumber* pasinaon siswa wonten ing sekolah utawi wonten ing jawi sekolahan.

### 3. Buku *Teks*

Buku *teks* utawi ingkang langkung asring dipunsebut buku pamulangan inggih menika buku ingkang dipungginakaken siswa wonten ing sekolah kangge mbiyantu pasinaon (Saefu Zaman, 2011:1). Buku dipundamel kangge kanca sinau siswa supados nambah kawruh. Buku *teks* ngandharaken katrangan ingkang dipunbetahaken siswa. Buku *teks* miturut Tomlinson (1998:ix) inggih menika buku ingkang isinipun *materi* ingkang *inti* utawi utama, buku menika ancasiipun kangge ngandharaken *materi* ingkang jangkep saha dados buku ingkang dipunprelukaken siswa wonten ing pasinaon.

Panyerating buku *teks* kangge siswa wonten ing pasinaon menika wigatos sanget. Buku ingkang dipungginakaken dening siswa wonten ing pasinaon mbiyantu guru kangge ngandharaken *materi* ingkang wonten ing pasinaon. Wonten ing *era globalisasi* dipunbetahaken *inovasi* saking para panyerat kangge narik kawigatosan siswa supados remen maos buku. *Inovasi* saking panyerat buku menika dipunbetahaken nanging *teknik* panyeratanipun buku ugi wigatos sanget kangge nyerat buku ingkang leres. Saderengipun buku dipungginakaken siswa wonten ing sekolah, buku menika kedahipun sampun dipun-*validasi* lumantar *proses* ingkang wonten.

#### **D. Panaliten ingkang Laras**

Panaliten ingkang laras inggih menika panalitan saking Hesty Mayasari ing 2011 ingkang awujud panaliten skripsi kanthi irah-irahan “*Pengembangan Macromedia Flash sebagai Media Pamulangan Aksara Jawa untuk Siswa SMP N Tirtomoyo Kelas VIII*”. Panaliten saking Hesty caranipun ngempalaken *data* ngginakaken cara *kuesioner*.

Panaliten ingkang dipuntindakaken dening Hesty Mayasari menika manggihaken bilih (1) pamijining saking *dosen ahli materi* bab *kualitas media* pasinaon dipunparingi *presentase* pamiji 98%, (2) pamiji saking *dosen ahli media* bab *kualitas media* pasinaon dipunparingi *presentase* pamiji 88% (3) pamiji saking guru bahasa Jawi bab *kualitas media* pasinaon dipunparingi *presentase* pamiji 83,3% (4) pamiji saking siswa babagan *kualitas media* pasinaon pikantuk *presentase* pamiji 67,3%. Kasil pamiji *kualitas media* pasinaon saking *dosen ahli materi, dosen ahli media, guru basa Jaw media* menika mlebet *kategori* “sae sanget”. Langkung kathah siswa ingkang sarujuk migunakaken *media* pasinaon ngangge CD ingkang migunakaken *Macromedia Flash* kangge *materi* aksara Jawa wonten pasinaon wonten ing kelas.

Wonten ing panaliten Hesty, bab ingkang sami kaliyan panaliten menika inggih sami-sami ngginakaken *materi* aksara Jawa saha ngginakaken *metode* panaliten *R & D*. Wondene bedanipun kaliyan panaliten menika inggih *produk* ingkang dipundamel, menawi panalitenipun Hesty damel *media Macromedia flash* kangge sinau aksara Jawa, dene panaliten menika damel buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP.

Panaliten salajengipun ingkang laras inggih menika panaliten saking Sukron Riyadi ing 2012 ingkang awujud panaliten skripsi kanthi irah-irahan “*Pengembangan Buku Saku Kebugaran Jasmani sebagai Panduan Latihan Siswa SMP*”. Panaliten Sukron menika ancaspun damel *produk* buku ingkang sae kangge *sumber* sinau *kebugaran jasmani* kangge siswa SMP.

Wonten ing panalitenipun Sukron, bab ingkang sami kaliyan panaliten menika inggih sami-sami ngginakaken metode panaliten *R & D* saha sami-sami damel *produk* buku kangge pasinaon. Dene bedanipun kaliyan panaliten menika inggih *materi* ingkang dipundamel, menawi panalitenipun Sukron damel *media* buku kangge sinau *kebugaran jasmani* siswa SMP, dene panaliten menika damel buku kangge sinau maos saha nyerat aksara Jawa siswa SMP.

Panaliten pungkasan ingkang laras inggih menika panaliten saking Abdur Rahman ing 2007 ingkang awujud panaliten skripsi kanthi irah-irahan “*Pengembangan Media Pembelajaran Membaca Aksara Jawa dengan Macromedia Flash MX*”. Caranipun ngempalaken *data* wonten ing panaliten Abdur Rahman ngginakaken *kuesioner*.

Wonten panaliten Abdur Rahman *subjek* panalitenipun inggih menika masarakat umum ingkang mbetahaken. *Produk* ingkang dipundamel saking panaliten Abdur Rahman dipun-*ujicoba* wonten ing masyarakat mawi budaya, pandamelan, saha yuswa ingkang beda. Dene wonten panaliten menika, *subjek* panalitenipun siswa SMP N 1 Rowokele, Kebumen.

Saking panalitenipun Abdur Rahman saged dipunpendhet kasil panalitenipun bilih *media Macromedia Flash* ingkang dipundamel menika sae

kangge sinau aksara Jawa. Kawontenan makaten saged dipuntuweni saking pamiji *kuesioner* ingkang sarujuk ngginakaken *media Macromedia Flash* kangge sinau aksara Jawa.

Wonten ing panalitenipun Abdur Rahman, wonten *relevansi* kaliyan panaliten menika inggih sami-sami ngginakaken *metode* panaliten *R & D* saha sami-sami ngginakaken *materi* aksara Jawa. Dene bedanipun kaliyan panaliten menika inggih *produk*-ipun ingkang dipundamel, menawi panalitenipun Abdur Rahman *produk*-ipun *media Macromedia flash* kangge sinau aksara Jawa, dene panaliten menika *produk*-ipun buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP.

#### **E. Nalaring Panaliten**

Sumber sinau inggih menika sedaya ingkang wonten ing lingkungan pasinaon ingkang gadhah *fungsi* kangge mbiyantu kasiling pasinaon. Salah satunggaling jinis *sumber* sinau inggih menika awujud buku. Buku menika kathah jinisipun tuladhanipun inggih menika awujud buku saku. Buku saku inggih menika buku ingkang ukuranipun alit, satemah saged dipunlebetaken wonten ing sak rasukan saha saged dipunbekta wonten ing pundi kemawon. Wonten ing pasinaon padatanipun guru migunakaken buku *teks*. Buku *teks* ngandharaken katrangan ingkang dipunbetahaken siswa wonten pasinaon. Wonten ing panaliten menika buku saku ingkang dipundamel inggih menika buku sinau nyerat saha maos aksara Jawa.

Panaliten menika gadhah ancas mbiyantu siswa kangge sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi *mandiri*. Wonten ing kawontenan samenika kathah siswa ingkang rumaos awrat anggenipun sinau maos saha nyerat aksara Jawa. Prakawis menika ingkang nuwuhaken pandamelanipun *media* pasinaon ingkang saged narik kawigaten saha nggampilaken siswa anggenipun sinau nyerat saha maos aksara Jawa. *Media* pasinaon menika ingkang dados *sumber* sinau siswa kanthi *materi*, *ukuran*, *penyajian*, saha *desain* ingkang saged narik kawigaten saha siswa gampil anggenipun sinau.

Kanthi makaten wonten ing panaliten menika dipundamel *media* pasinaon maos saha nyerat aksara Jawa ingkang awujud buku saku “Caraka” kangge siswa SMP. Buku saku kanthi irah-irahan “Caraka” menika ngandharaken *materi* kanthi cetha supados siwa gampil anggenipun sinau nyerat saha maos aksara Jawa. Buku buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP menika ugi ngandharaken *materi* migunakaken basa karma saha basa ngapak.

Kanthi desain ingkang narik kawigaten siswa saha wujudipun ingkang alit, satemah saged dipunlebetaken siswa wonten ing sak rasukanipun. Prakawis menika ingkang ndadosaken siswa saged sinau maos saha nyerat aksara Jawa wonten ing pundi kemawon. *Media* ingkang dipundamel kanthi sae, jumbuh kaliyan kahananipun siswa SMP, saged narik kawigaten siswa, sarta saged nggampilaken anggenipun mangertos *materi* nyerat saha maos aksara Jawa.

### **BAB III CARA PANALITEN**


#### **A. Jinising Panaliten**

Jinising panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *metode* panaliten *Research and Development (R & D)* ingkang karembakakaken dening Borg & Gall (1983:773) kanthi *cara-cara* utawi cara utama panaliten *R & D* inggih menika (1) panaliten *pendahuluan (research and information collecting)*, (2) *perencanaan (planning)*, (3) *pengembangan draft (develop preliminary form of product)*, (4) *ujicoba winates (preliminary field testing)*, (5) *revisi produk utama (main product revision)*, (6) *ujicoba lapangan (main field testing)*, (7) *Revisi produk operasional (operational product revision)*, (8) *ujicoba lapangan operasional (operational field testing)*, (9) *revisi produk pungkasan (final product revision)*, (10) *deseminasi saha implementasi (diseemination and implementation)*.

Wonten ing panaliten menika *R & D* ingkang dipunginakaken nomer 1 dumugi nomer 5 kemawon awit winatesing *sumber daya* ingkang wonten. Lampahing panaliten ingkang sapisan inggih menika sinau *literatur (studi literature)* kangge nambah ilmu bab *materi* ingkang wonten ing panaliten menika. Kangge mantepaken *argumen* ingkang dipunpenggalih, inggih menika kanthi cara nindakaken *studi lapangan* saha *observasi* kangge mangertosi prakawis ingkang wonten. Menapa ingkang dipunpanggihaken salajengipun dipun-*deskripsi*-aken saha dipun-*analisis* kangge damel *perencanaan*.

Miturut kasil ingkang dipunpanggihaken saking *studi literatur* saha *observasi*, salajengipun inggih menika ngrantam *draft* ingkang awujud buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP. Saderengipun dipun-*ujicoba*, *draft* menika kedah dipun-*review* rumiyin. Sasampunipun *draft* menika *valid* saha *reliabel*, buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP menika salajengipun kedah dipun-*ujicoba* kanthi winates.

Miturut kasil *ujicoba* ingkang winates menika, *draft* salajengipun dipun-*evaluasi* saha dipunleresaken. Sasampunipun dipunleresaken dipundamel produk media buku ingkang pungkasan. Wondene cara damel *media* buku ing panaliten menika saged dipunpirsani *diagram* wonten ing ngandhap menika.



### Bagan 1

Diagram Alur Damel Buku kanthi Irah-Irahan Sinau Maos saha Nyerat Aksara Jawa “Caraka” kangge Siswa SMP

## **B. Cara Pengembangan/Damel Media**

Miturut cara-cara panaliten *pengembangan* utawi *R&D* ingkang dipunandharaken dening Borg & Gall (1983:775), mila cara-cara panaliten *pengembangan/damel media* menika saged dipunringkes mawi tataran-tataran kados ing ngandhap menika.

### 1. Panaliten *Pendahuluan/Analisis* Kabetahan

Wonten ing tataran menika, dipuntindakaken *studi literatur* kanthi cara pados *referensi* saking buku utawi pados wonten ing *internet* saha *obsevasi* wonten ing SMP Negeri 1 Rowokele, Kebumen, Jawa Tengah. Ancasing tataran menika kangge nambah kawruh ingkang gayut kaliyan *materi* ingkang dipunrembag saha pikantuk *informasi* prakawis ingkang wonten. *Informasi* ingkang dipunpanggihaken wonten ing tataran panaliten *pendahuluan* menika salejengipun dipun-*analisis* saha kasilipun dipunginakaken kangge ngrencanakaken *pengembangan/damel media* ingkang dipundamel.

### 2. *Perencanaan* saha *Perancangan* (Ngrancang *Media*)

Wonten ing tataran *perencanaan* menika dipuntindakaken *analisis tugas*, inggih menika *kumpulan cara* ingkang kangge nemtokaken wosing *materi* ingkang badhe dipunrembag. *Analisis* menika wonten *analisis struktur isi*. *Materi* ingkang dipunrembag trep kaliyan ingkang dipunbetahaken siswa kanthi adhedhasar *Standar Kompetensi* saha *Kompetensi Dasar*. Kasil saking tataran menika dipunginakaken kangge *perencanaan draft*.

### 3. Tataran *Penyusunan Draft/Damel Media*

Wonten ing tataran *penyusunan draft* utawi *damel media* wonten gangsal tataran. Wonten ing tataran *penyusunan draft* utawi *damel media* dipuntindakaken *pengembangan/damel media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP ingkang kaperang dados gangsal inggih menika.

#### a. *Damel kerangka materi* ingkang badhe dipunrembag

Tataran ingkang kaping satunggal inggih menika *damel kerangka materi* ingkang badhe dipunrembag. Wonten ing tataran menika dipuntemtokaken *pokok-pokok materi* adhedhasar *Standar Kompetensi* saha *Kompetensi Dasar*.

#### b. Ngempalaken *bahan-bahan materi* kanthi cara maos buku saha pados wonten *internet*

Wonten tataran ingkang kaping kalih wonten ing *penyusunan draft* inggih menika ngempalaken sadaya *bahan-bahan* ingkang dipunbetahaken. Wonten ing tataran menika dipunkempalaken *materi* saking maos *referensi* buku-buku saha ugi ngempalaken *materi* saking *akses internet*.

#### c. Nemtokaken *desain* wujud buku

Tataran ingkang kaping tiga wonten ing *penyusunan draft/damel media* inggih menika nemtokaken *desain* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP. *Damel* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP menika kababar saking nemtokaken *desain cover* buku, *desain subjudul* buku, *desain isi* buku, *ukuran-ipun* buku, warni seratanipun, jinising aksara ingkang

dipunginakaken, saha *tampilan* bukunipun. *Proses* kangge mujudaken *desain* buku kasebut ngangge *software Corel Draw X5*.

d. Panyerating *materi*

Tataran ingkang salajengipun wonten ing *proses penyusunan draft/damel media* inggih menika panyerating *materi*. Panyerating *materi* dipuntemtokaken miturut kabetahanipun. *Materi* ingkang wonten ing buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP dipunserat mawi ngginakaken basa ingkang gampil dipunmangertos dening siswa. Wonten ing salebeting buku menika ugi dipuncawisaken gambar ingkang saged nggampilaken siswa saha saged narik kawigatosanipun siswa.

e. Panyithaking buku

Tataran ingkang pungkasan wonten ing *penyusunan draft/damel media* inggih menika panyithaking *produk* ingkang arupi buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP. Buku menika dipuncithak mawi ukuran ingkang trep ingkang sampun dipuntemtokaken. Kasil panyithaking buku menika migunakaken kertas ingkang warni-warni.

4. Tataran *Validasi* saha *Ujicoba* Winates

Tataran sasampunipun damel *media* inggih menika tataran *vallidasi* saha *ujicoba* winates. Tataran *validasi* saha *ujicoba* winates kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. *Penilaian kelayakan/validasi*

*Produk* ingkang awujud buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP menika dipundamel mawi dipunbiji

*kualitas media* dening *dosen ahli materi, dosen ahli media*, saha guru basa Jawi satemah pikantuk pamiji saha pamrayogi saking *dosen ahli materi, dosen ahli media*, saha guru basa Jawi. Saderengipun dipun-*validasi*, dipundamel *instrumen* ingkang dipunginakaken kangge pambijining *kelayakan* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP menika. Salajengipun, dipuntindakaken *validasi instrumen* dening *para ahli*. *Validasi instrumen* menika dipuntindakaken kangge pados menapa buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP menika sampun *layak* saha saged dipun-*ujicoba*.

b. *Ujicoba* winates

Tataran *ujicoba* winates dipuntindakaken sasampunipun *media* buku menika dipunbiji *kualitas media* dening *dosen ahli* saha guru bilih produk ingkang dipundamel menika sampun *layak ujicoba* wonten ing lapangan. *Ujicoba* menika dipuntindakaken tumrap 12 siswa kelas VIII SMP N 1 Rowokele kanthi siswa ingkang beda *kriteria kecerdasan*. Wonten ing *ujicoba* winates tumrap 12 siswa SMP menika dipunpanggihaken biji saha pamrayogi saking 12 siswa kasebut. Pamrayogi saking siswa menika kangge dhasar *revisi* saha ngewahi *produk* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP ingkang dipundamel.

5. *Revisi* saha Damel *Produk* ingkang Pungkasan

*Revisi* dipuntindakaken adhedhasar pamrayogi saha biji saking asiling *uji validasi ahli*, pamanggih saking guru basa Jawi sarta pamanggih saking siswa SMP. *Revisi* menika dipuntindakaken kangge upaya damel *produk* ingkang sae.

*Produk* pungkasan ingkang dipunasilaken saking sadaya lampah *review* ingkang dipuntindakaken nalika *uji validasi ahli* saha pamanggih saking guru basa Jawi sarta pamanggih saking 12 siswa kelas VIII A SMP N 1 Rowokele ingkang sampun dipunpilih.

Kasil *produk* ingkang pungkasan inggih menika buku kanthi irah-irahan sinau maos saha nyerat aksara Jawa “Caraka” kangge siswa SMP. Buku menika ngandharaken bab aksara Jawa ingkang saged nggampilaken siswa anggenipun mangertos *materi* ingkang wonten. Buku menika gadhah ukuran 11,5 cm x 15,5 cm.

### **C. Definisi Operasional Variabel Panaliten**

Wonten ing salebeting panaliten menika dipunginakaken *istilah-istilah* bab panaliten ingkang dipuntindakaken. *Definisi istilah* ingkang wonten ing salebeting panaliten menika kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP inggih menika buku ingkang ukuranipun alit kanthi panjangipun 15,5 cm saha 11,5 cm ingkang saged dipunlebetaken sak rasukan, satemah gampil dipunbekta saha gadhah materi.
2. Aksara Jawa inggih menika aksara *khusus* ingkang dipunginakaken tiyang Jawi kangge nyerat tembung basa Jawi.
3. Buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP inggih menika buku ingkang ukuranipun alit ingkang saged dipunlebetaken ing sak rasukan, gampil dipunbekta, ingkang wosipun *materi*

sinau aksara Jawa, saha andharan *materi* ngangge basa krama saha basa ngapak, saha dipunjangkepi gambar ingkang saged narik kawigatosanipun siswa.

#### **D. Ujicoba Produk**

*Ujicoba produk* inggih menika salah satunggaling bab saking tataran damel buku sinau nyerat saha maos aksara Jawa kanthi irah-irahan ”Caraka” kangge siswa SMP ingkang dipuntindakaken kanthi *ujicoba* wonten ing SMP Negeri 1 Rowokele, Kebumen, Jawa Tengah. Ancasing panaliten inggih menika kangge pados *data* ingkang saged dipunginakaken kangge dhasar panaliten *kualitas produk* buku sinau nyerat saha maos aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP ingkang dipundamel. *Data* ingkang wonten menika kangge ngleresaken saha nyampurnakaken buku sinau nyerat saha maos aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP menika. Awit wonten *ujicoba* menika *kualitas* buku ingkang dipundamel saged *teruji* kanthi *empiris*.

#### **E. Instrumen Panaliten saha Jinising Data**

##### 1. *Instrumen* Panaliten

Kangge pados *data* panaliten, dipunbetahaken *instrumen*. *Instrumen* ingkang wonten ing panaliten menika kaandharaken ing gandhap menika.

##### a. *Lembar Pamiji Kelayakan Ahli* saha Guru

*Lembar pamiji* menika dipunginakaken kangge nguji *layak* menapa dereng *produk* buku nyerat saha maos aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge

siswa SMP menika. *Lembar pamiji* menika dipunaturaken *dosen ahli materi*, *dosen ahli media* saha guru basa Jawi kangge mangertosi *layak* menapa boten buku sinau nyerat saha maos aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” menika kangge sinau maos saha nyerat aksara Jawa siswa SMP.

b. *Lembar Panaliten Kelayakan Siswa*

Lembar panaliten kelayakan siswa dipunparingaken siswa kangge mangertosi *tingkat kelayakan* buku sinau nyerat saha maos aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP miturut pamanggihipun siswa.

2. *Jinising Data*

*Data* wonten ing panaliten menika awujud *data kualitatif* saha *data kuantitatif*. *Data kualitatif* menika dipunpanggihaken saking pamijining kualitas *produk* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP ingkang saged dipungginakaken kangge ngindhakaken *kualitas mutu produk*. Menawi *data kuantitatif* dipunpanggihaken skor saking *kuesioner* ingkang dipunisi dening *dosen ahli materi*, *dosen ahli media*, guru basa Jawi saha siswa SMP.

**F. *Teknik Analisis Data***

*Teknik analisis data* wonten ing panaliten menika adhedhasar pamiji saking *dosen ahli*, guru, saha siswa bab *kualitas* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP. Salajengipun, *teknik analisis data* wonten ing panaliten kaandharaken kados makaten.

## 1. Ngewahi biji *kategori* dados *skor* pamiji

Wonten *analisis data*, salah-satunggaling *data* ingkang kapanggihaken awujud biji *kategori*. Biji *kategori* kasebut salajengipun dipunewahi dados *skor* pamiji. *Kriteria* anggenipun ngewahi kasebut kados makaten.

### a. Bijinipun *kualitas media* :

SS (Sae Sanget)	bijinipun 5
S (Sae)	bijinipun 4
C (Cekap)	bijinipun 3
K (Kirang)	bijinipun 2
KS (Kirang Sanget)	bijinipun 1

### b. Bijinipun pamanggih siswa :

SS (Sarujuk Sanget)	bijinipun 5
S (Sarujuk)	bijinipun 4
RS (Radi Sarujuk)	bijinipun 3
KS (Kirang Sarujuk)	bijinipun 2
BS (Boten Sarujuk)	bijinipun 1

## 2. *Analisis Data*

Miturut Sugiyono (2012:137), tataran *analisis data* dipuntindakaken kanthi cara ngetang *skor* saking panaliten ingkang dipunperang mawi jumlah *skor ideal* kangge sadaya *item* ingkang dipunpingaken kaliyan 100%. Andharan saking *analisis data* saged dipunpriksani wonten ing *tabel* ngandhap menika.

**Tabel 8. *Kategori Pamijining Kualitas Media***

<b><i>Tingkat pamiji</i></b>	<b><i>Kategori</i></b>
80,1 – 100%	SS (Sae Sanget)

<b>Tabel salajengipun</b>	
60,1 – 80%	S (Sae)
40,1 – 60%	C (Cekap)
20,1 – 40%	K (Kirang)
0 – 200%	KS (Kirang Sanget)

**Tabel 9. Kategori Pamijining Pamanggih Siswa**

<b>Tingkat pamiji</b>	<b>Kategori</b>
80,1 – 100%	SS (Sarujuk Sanget)
60,1 – 80%	S (Sarujuk)
40,1 – 60%	RS (Radi Sarujuk)
20,1 – 40%	KS (Kirang Sarujuk)
0 – 200%	BS (Boten Sarujuk)

Kanthi cara *matematis* saged dipuntedahaken kanthi *rumus* :

---

## **BAB IV**

### **ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

#### **A. Asiling Panaliten**

##### **1. Caranipun Damel *Media* Buku Sinau Maos saha Nyerat Aksara Jawa kanthi Irah-irahan “Caraka” kangge Siswa SMP**

Damel *media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP ingkang wujudipun alit saha andharan *materi* ngginakaken basa krama saha basa ngapak menika wonten tataranipun. Tataran menika dipuntindakaken kanthiurut wiwit saking (1) tataran panaliten *pendahuluan/analisis* kabetahan, (2) tataran *perencanaan* saha *perancangan* (ngrancang *media*), (3) tataran *penyusunan draft/damel media*, (4) tataran *validasi* saha *ujicoba* winates, (5) tataran *revisi* saha *produk* ingkang pungkasan.

Tataran panaliten *pendahuluan/analisis* kabetahan inggih menika tataran ingkang purwaka saderengipun tataran *perencanaan* saha *perancangan* (ngrancang *media*). Wonten ing tataran menika dipuntindakaken nganalisis *data observasi*. Wonten ing panaliten menika, *analisis* ingkang dipuntindakaken langkung rumiyin inggih menika *analisis kurikulum* pamulangan basa Jawi wonten ing Kebumen. Sasampunipun *analisis kurikulum* dipunpangguhaken *standar kompetensi, kompetensi dasar, indikator* saha *materi* pamulangan. Adhedasar saking *analisis kurikulum muatan lokal* pamulangan basa Jawi *berbasis* KTSP Jawa Tengah, pratelan pamulangan aksara Jawa kangge siswa SMP inggih menika kados makaten.

Tabel 10: SK, KD, saha Indikator Pamulangan Aksara Jawa SMP

No.	Kelas	Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar	Indikator
1	VII	<i>Membaca bacaan sastra dan nonsastra dalam berbagai teknik membaca, dan bacaan beraksara Jawa</i>	<i>Membaca paragraf sederhana beraksara Jawa</i>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- <i>Mampu membaca bacaan beraksara Jawa</i></li> <li>- <i>Mampu menunjukkan kalimat yang dimaksud dalam bacaan</i></li> <li>- <i>Mampu menyalin kedalam aksara latin</i></li> <li>- <i>Mampu menjawab pertanyaan bacaan dengan aksara Jawa</i></li> </ul>
2	VII	<i>Mengungkapkan pikiran, pendapat, gagasan dan perasaan dalam berbagai jenis karangan menggunakan ragam bahasa Jawa sesuai unggah-ungguh dan menulis kalimat beraksara Jawa</i>	<i>Menulis kalimat beraksara Jawa</i>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- <i>Siswa dapat menjelaskan fungsi setiap sandhangan panyigeg dan sandhangan wyanjana.</i></li> <li>- <i>Siswa mampu menulis kalimat beraksara Jawa dengan menerapkan sandhangan panyigeg dan sandhangan wiyanjana</i></li> <li>- <i>Siswa mampu melengkapi kalimat rumpang ber-aksara Jawa.</i></li> </ul>

**Tabel salajengipun**

3	VII	<i>Membaca bacaan sastra dan nonsastra dalam berbagai teknik membaca, dan bacaan beraksara Jawa</i>	<i>Membaca paragraf sederhana beraksara Jawa</i>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- <i>Mampu membaca bacaan beraksara Jawa</i></li> <li>- <i>Mampu menunjukkan kalimat yang dimaksud dalam bacaan</i></li> <li>- <i>Mampu menyalin kedalam aksara latin</i></li> <li>- <i>Mampu menjawab pertanyaan bacaan dengan aksara Jawa</i></li> </ul>
4	VII	<i>Mengungkapkan pikiran, pendapat, gagasan dan perasaan dalam berbagai karangan menggunakan ragam bahasa Jawa sesuai dengan unggah-ungguh bahasa yang benar, dan menulis kalimat beraksara Jawa</i>	<i>Menulis paragraf sederhana beraksara Jawa</i>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- <i>Mampu menyebutkan kegunaan sandhangan wyanjana</i></li> <li>- <i>Mampu melengkapi kalimat rumpang dengan kata bersandhangan wyanjana</i></li> <li>- <i>Mampu menyalin paragraf aksara latin menjadi paragraf aksara Jawa</i></li> </ul>
5	VIII	<i>Mampu membaca dan memahami isi bacaan sastra dan nonsastra, dan bacaan beraksara Jawa</i>	<i>Membaca dan memahami paragraf bacaan sederhana beraksara Jawa ± 5 – 7 kalimat</i>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- <i>Siswa dapat membaca bacaan beraksara Jawa.</i></li> <li>- <i>Siswa dapat menyalin bacaan ke dalam aksara latin.</i></li> </ul>

<b>Tabel salajengipun</b>				
6	VIII	<i>Mengungkapkan pikiran, pendapat, gagasan dan perasaan secara tertulis dalam tulisan dan ragam bahasa Jawa sesuai dengan unggah-ungguh dan menulis paragraph beraksara Jawa</i>	<i>Menulis paragraf bacaan beraksara Jawa ± 5 – 7 kalimat</i>	- <i>Siswa dapat menulis 1 paragraf beraksara Jawa</i>
7	VIII	<i>Mampu membaca bacaan sastra, nonsastra dalam berbagai teknik membaca, dan bacaan beaksara Jawa</i>	<i>Membaca dan memahami paragraf bacaan beraksara Jawa ± 5 – 7 kalimat</i>	- <i>Siswa dapat membaca paragraf beraksara Jawa dengan penerapan semua pasangan.</i> - <i>Siswa dapat menyebutkan pasangan yang digunakan dalam kalimat</i>
8	IX	<i>Mampu membaca bacaan sastra, nonsastra dalam berbagai teknik membaca, dan bacaan beraksara Jawa</i>	<i>Membaca paragraf beraksara Jawa yang menerapkan angka Jawa</i>	- <i>Siswa dapat membaca bacaan beraksara Jawa.</i> - <i>Siswa dapat menyalin bacaan ke dalam aksara latin.</i> - <i>Siswa dapat menjelaskan isi bacaan.</i> - <i>Siswa dapat menjawab pertanyaan.</i>
9	IX	<i>Mampu mengungkapkan pikiran, pendapat, gagasan dan perasaan dalam berbagai jenis karangan menggunakan ragam bahasa Jawa sesuai unggah-ungguh, dan menulis paragraf beraksara Jawa</i>	<i>Menulis paragraf beraksara Jawa dengan menerapkan angka Jawa</i>	- <i>Siswa dapat menulis bentuk-bentuk angka Jawa</i> - <i>Siswa dapat menulis kalimat yang menggunakan angka Jawa</i> - <i>Siswa dapat menulis paragraf sederhana yang menggunakan angka Jawa</i>

Ingkang dipungatosaken saking *analisis kurikulum* inggih menika ningali kahanipun siswa anggenipun mangertosi *materi* aksara Jawa. Siswa SMP Negeri 1 Rowokele nalika pamulangan aksara Jawa kirang mangertos andharan *materi* saking guru ingkang ngginakaken basa krama, saha kirangipun *bahan* waosan siswa *bab materi* aksara Jawa ingkang siswa remen. Ningali kahahan ingkang kados makaten guru basa Jawi nyengkuyung sanget manawi damel *media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP ingkang saged narik kawigatosanipun siswa sinau *materi* aksara Jawa amargi gambar, wujud, saha basa ingkang wonten ing buku menika.

Sasampunipun *analisis kurikulum*, salajengipun inggih menika *analisis* pamulangan aksara Jawa wonten ing kelas saha kahanan siswa. Salajengipun dipuntindakaken *observasi* wonten ing kelas VIII A SMP Negeri 1 Rowokele. Asiling *observasi* saged dipunpirsani wonten ing *tabel* ngandhap menika.

**Tabel 11: Asiling Observasi Pamulangan Basa Jawi saha Kahanan Siswa**

No.	Aspek ingkang dipuntingali	Deskripsi Asiling Pengamatan
A.	<i>Perangkat</i> Pamulangan	
	1. <i>Kurikulum</i>	<i>Kurikulum</i> ingkang dipunginakaken inggih menika <i>kurikulum</i> KTSP
	2. <i>Silabus</i>	Jumbuh kaliyan <i>silabus</i> ingkang karantam dening guru nalika ngandharaken <i>materi</i> .
	3. <i>Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)</i>	Dipunbekta nalika pamulangan, saha RPP jumbuh kaliyan SK, KD, <i>indikator</i> ingkang sampun dipuntemtokaken
	4. Piranti Pamulangan	Buku LKS, buku cethak, kelas wonten <i>whiteboard</i> .
B.	<i>Proses</i> Pamulangan	
	1. Miwiti Pamulangan	Pamulangan dipunwiwiti sasampunipun siswa anteng, amargi nalika guru mlebet kelas siswa rame piyambak.

<b>Tabel salajengipun</b>		
	2. <i>Penyajian Materi</i>	Guru ngandharaken <i>materi</i> saha paring kalodhangan tumrap siswa manawi wonten pitakenan.
	3. <i>Metode Pamulangan</i>	Guru ngginakaken <i>metode ceramah</i>
	4. <i>Panganggening Basa</i>	Guru ngginakaken basa Jawi saha basa Indonesia.
	5. <i>Alokasi Waktu</i>	Wekdal kangge miwiti pamulangan, ngandharaken <i>materi</i> , lan mungkasi sampun <i>efektif</i> .
	6. <i>Cara Damel Siswa Greget</i>	Guru ngandharaken <i>materi</i> aksara Jawa dipuseselaken guyonan-guyoanan.
	7. <i>Teknik Paring Pitakenan</i>	Guru paring pitakenan tumrap siswa ingakng rame piyambak utawi boten gatosaken <i>materi</i> pamulangan
	8. <i>Panganggening Media</i>	<i>Media</i> ingkang dipunginakaken inggih menika <i>LKS</i> basa Jawa
	9. <i>Evaluasi</i>	Guru paring pitakenan tumrap siswa saha ngambali <i>materi</i> ingkang dereng mngertos.
	10. <i>Mungkasi Pamulangan</i>	Guru ngadharaken dudutan pamulangan aksara Jawa, doa saha salam
<b>B.</b>	<b>Tumindak Siswa</b>	
	1. <i>Tumindak Siswa ing Salebeting Kelas</i>	Siswa rame, nanging sasampunipun guru miwiti pamulangan kanthi doa saha salam, siswa saged anteng. Nalika guru ngandharaken <i>materi</i> , siswa kirang nggatosaken, wonten ingkang ngantuk, rame saha dolanan piyambak.
	2. <i>Tumindak Siswa ing Jawi Kelas</i>	Tumindak siswa sopan, ramah. Siswa SMP Negeri 1 Rowokele kathah ingkang wonten kanthin tinimbang perpustakaan.

Adhedhasar saking *observasi* ingkang dipuntindakaken, kathah siswa ingkang taksih awrat anggenipun nampi andharan *materi* saking guru basa Jawi, ugi wonten ingkang ngantuk saha boten nggatosaken. Awit kahananipun siswa ingkang kados makaten, mila dipunbetahaken *media* ingkang sae kangge nggampilaken siswa sinau maos saha nyerat aksara Jawa. *Media* menika kedahipun dipundamel kanthi sae saha saged narik kawigatosanipun siswa kangge sinau, satemah saged ndadosaken siswa remen maos buku.

Tataran salajengipun inggih menika tataran *perencanaan* saha *perancangan* (ngrancang *media*). Tataran menika dipunginakaken kangge nemtokaken *media* menapa ingkang badhe dipundamel adhedhasar saking panaliten *pendahuluan/analisis* kabetahan. Sasampunipun tataran ngrancang *media* inggih menika tataran *penyusunan draft/damel media*. Anggenipun damel *media* dipunwiwiti saking damel *kerangka materi* ingkang badhe dipunrembag, ngempalaken *bahan-bahan materi*, nemtokaken *desain* wujudipun buku, panyerating *materi*, saha panyetaking *media* buku.

Tataran salajengipun inggih menika *validasi* saha *ujicoba* winates. Tataran menika dipuntindakaken supados mangertos *kualitas media* buku ingkang dipundamel. Wondene *validasi* menika dipuntindakaken dening *dosen ahli materi*, *dosen ahli media*, saha guru basa Jawi. *Ujicoba* winates dipuntindakaken tumrap 12 siswa SMP. *Ujicoba* winates *media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP menika dipuntindakaken wonten ing SMP Negeri 1 Rowokele.

Adhedhasar saking *validasi* saha *ujicoba* winates, salajengipun dipuntindakaken *revisi* tumrap *media* ingkang dipundamel. Sasampunipun *revisi*, salajengipun damel *produk* ingkang pungkasan. Asiling *produk* inggih menika *media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP ingkang wujudipun alit saha andharan *materi* ngginakaken basa krama saha basa ngapak.

## **2. Pamijining Kualitas Media dening Dosen Ahli Materi, Dosen Ahli Media, Guru Basa Jawi saha Ujicoba Winates.**

*Media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP saderengipun dipun-*ujicoba* kedah dipun-*evaluasi* mawi *evaluasi dening dosen ahli materi, dosen ahli media, saha guru basa Jawi*. Andharan saking pamijining *kualitas media* dening *dosen ahli materi, dosen ahli media, guru basa Jawi saha ujicoba winates* saged dipunpirsani wonten ing ngandap menika.

### **a. Validasi dosen ahli materi**

*Validasi dosen ahli materi* tumrap *kualitas media* buku ingkang dipundamel menika kangge paring biji saha pamrayogi ingkang sae kanthi lisan saha seratan *bab komponen kelayakan isi, perangan kelayakan penyajian, saha komponen basa wonten ing salebeting buku ingkang dipundamel*. *Validasi* dipuntindakaken kanthi cara nyaosaken *media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP saprelu dipunpirsani sarta nyaosaken lembar *validasi materi media* dening *dosen ahli materi*. Pamijining *media* buku menika miturut saking *komponen* pamijining buku *BNSP (Badan Nasional Standar Pendidikan)*. Pamrayogi saking *dosen ahli materi* menika kangge dhasar *revisi* satemah ngindhakaken *kualitas media* buku ingkang dipundamel.

*Validator materi* minangka *ahli materi* inggih menika Ibu Dra. Hesti Mulyani, M.Hum. Piyambakipun minangka *dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah* ingkang ngasta *mata kuliah komprehensi tulis, membaca manuskrip, filologi, bahasa Sansekerta, lsp*. *Validasi dosen ahli materi* tumrap *media* buku

menika dipuntindakaken wonten ing kalih tataran.

*Validasi dosen ahli materi* menika dipunambali dumugi *media* buku ingkang dipundamel menika saged/*layak ujicoba* tumrap siswa SMP. Asilipun *validasi kualitas media* dening *dosen ahli materi* saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

**1) Validasi Kualitas Media dening Dosen Ahli Materi Perangan Komponen Kelayakan Isi**

*Validasi kualitas media* perangan *komponen kelayakan isi* kaperang dados 6 *aspek* ingkang dipunbiji, saben *aspek* dipunperang mawi *indikator-indikator* piyambak. *Validasi* dening *dosen ahli materi* tumrap *kualitas media* perangan *komponen kelayakan isi* kaperang dados kalih tataran inggih menika tataran I saha tataran II. Wondene asiling *validasi kualitas media* perangan *kelayakan isi* dening *dosen ahli materi* saged dipunpirsani wonten ing *tabel* ngandhap menika.

**Tabel 12: Asiling Validasi Kualitas Media Tataran I dening Dosen Ahli Materi Perangan Komponen Kelayakan Isi**

No	KOMPONEN KELAYAKAN ISI	Tataran I	
		Kategori	Skor
<b>A. CAKUPANING MATERI</b>			
1	Tebaning <i>materi</i>	SS	5
2	Komplitipun <i>materi</i>	SS	5
<b>B. KEAKURATAN MATERI ( PAS/PENER )</b>			
1	<i>Konsep</i> saha <i>definisi akurat</i>	S	4
2	Tuladha gambar saha <i>ilustrasi akurat</i>	SS	5
3	<i>Konsistensi istilah</i> saha <i>symbol akurat</i>	S	4
4	<i>Acuan</i> pustaka <i>akurat</i>	S	4
<b>C. KEMUTAKHIRAN MATERI</b>			
1	Jumbuh kaliyan <i>ipteks</i>	SS	5
2	<i>Mutakhir</i>	SS	5
<b>D. JUMBUH KALIYAN KAWONTENAN SISWA</b>			
1	Trep kaliyan kahananipun siswa	SS	5

<b>Tabel salajengipun</b>			
<b>E. KEPEKAAN DHATENG NILAI-NILAI</b>			
1	Ngewrat dhateng <i>nilai-nilai</i> budaya Jawi	SS	5
<b>F. MATERI PENDUKUNG</b>			
1	Nuwuhaken raos pengin mangertos	SS	5
2	Nuwuhken <i>kreativitas</i>	SS	5
<b>Rata-rata presentase biji kualitas media dening dosen ahli materi tataran I perangan komponen kelayakan isi</b>		<b>95% (Sae Sanget)</b>	

Adhedhasar saking *tabel* wonten ing nginggil, saged dipunmangertos *presentase* pamijining *kualitas media* dening *dosen ahli materi* tataran I perangan *komponen kelayakan isi* inggih menika pikantuk *presentase* 95% kagolong *kategori sae sanget*. *Dosen ahli materi* suka pamrayogi supados dipungatosaken malih *bab keakuratan materi*.

Sasampunipun *media* buku menika dipundandosi salajengipun dipuntindakaken *validasi kualitas media* tataran II. Wondene asiling pamijining *kualitas media* buku dening *dosen ahli materi* saged dipunpirsani wonten ing *tabel* ing ngandhap menika.

**Tabel 13: Asiling Validasi Kualitas Media Tataran II dening Dosen Ahli Materi Perangan Komponen Kelayakan Isi**

No	KOMPONEN KELAYAKAN ISI	Tataran II	
		Kategori	Skor
<b>A. CAKUPANING MATERI</b>			
1	Tebaning <i>materi</i>	SS	5
2	Komplitipun <i>materi</i>	SS	5
<b>B. KEAKURATAN MATERI ( PAS/PENER )</b>			
1	<i>Konsep saha definisi akurat</i>	SS	5
2	Tuladha gambar saha ilustrasi <i>akurat</i>	SS	5
3	<i>Konsistensi istilah saha symbol akurat</i>	SS	5
4	<i>Acuan pustaka akurat</i>	S	4
<b>C. KEMUTAKHIRAN MATERI</b>			
1	Jumbuh kaliyan <i>ipteks</i>	SS	5

<b>Tabel salajengipun</b>			
2	<i>Mutakhir</i>	SS	5
<b>D. JUMBUH KALIYAN KAWONTENAN SISWA</b>			
1	Trep kaliyan kahananipun siswa	SS	5
<b>E. KEPEKAAN DHATENG NILAI-NILAI</b>			
1	Ngewrat dhateng <i>nilai-nilai</i> budaya Jawi	SS	5
<b>F. MATERI PENDUKUNG</b>			
1	Nuwuhaken raos pengen mangertos	SS	5
2	Nuwuhken <i>kegiatan</i>	SS	5
<b>Rata-rata presentase biji kualitas media dening dosen ahli materi tataran II perangan komponen kelayakan isi</b>		<b>98,3% (Sae Sanget)</b>	

Adhedhasar saking *tabel* wonten ing nginggil, saged dipunmangertosi *presentase* pamijining *kualitas media* dening *dosen ahli materi* tataran II perangan *komponen kelayakan isi* inggih menika pikantuk *presentase* 98,3% kagolong *kategori sae sanget*. Kalebet *kategori sae sanget* katiti saking sadaya andharan sampun sae saha jangkep.

Adhedhasar saking pamijining *validasi* tataran 1 saha tataran II, *media* buku ingkang dipundamel menika dipundadosi jumbuh kaliyan pamrayoginipun *dosen ahli materi*. Wondene andharan pamijining *kualitas media* perangan *komponen kelayakan isi* dening *dosen ahli materi* inggih saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

#### **a) Cakupan-ing Materi**

Wonten ing cakupaning *materi* kaperang dados kalih *indikator* inggih menika tebaning *materi* saha komplitipun *materi*. Wondene pamrayogi dening *dosen ahli materi* tumrap *indikator* wonten ing cakupaning *materi* saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

(1) Tebaning *materi*

*Indikator* tebaning *materi* kaperang dados kalih tataran. Kalih tataran kalawau inggih menika tataran I saha tataran II. *Validasi* tataran I saha II pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking *kualitas media* menika sampun jumbuh kaliyan *materi* aksara Jawa ingkang wonten ing SMP.

(2) Komplitipun *materi*

*Indikator* komplitipun *materi* ugi kaperang dados kalih tataran. *Validasi* tataran I saha II pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae sanget. *Indikator* menika kagolong *kategori* sae sanget katiti saking andharan *materi-nipun* ingkang wonten ing buku menika sampun komplit.

**b) Keakuratan Materi (Pas/Pener)**

Wonten ing cakupaning *materi* kaperang dados sakawan *indikator*. Wondene andharan pamrayogi dening *dosen ahli materi* tumrap *media* wonten ing *keakuratan materi* saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

(1) *Konsep* saha *definisi akurat*

*Indikator konsep* saha *definisi akurat* wonten ing *validasi* tataran I pikantuk biji sae inggih menika 4, wondene *validasi tataran* II pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae sanget. *Konsep* basa wonten ing bab 1 dipunjangkepi dados kalih basa inggih menika basa krama saha dipunparingi basa ngapak kados *materi* sanesipun.

(2) Tuladha gambar saha *ilustrasi akurat*

*Indikator* tuladha gambar saha *ilustrasi akurat* ing *validasi* tataran I saha II pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget

katiti saking tuladha gambar saha *ilustrasi* sampun trep kaliyan *materi* ingkang wonten.

(3) *Konsistensi istilah saha simbol akurat*

*Indikator konsistensi istilah saha simbol akurat* wonten ing *validasi* tataran I pikantuk biji sae inggih menika 4, wondene *validasi tataran II* pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Wonten ing *validasi I dosen ahli materi* suka pamrayogi supados pangangening *istilah* dipungatosaken saha dipunleresaken panyeratanipun. Sasampunipun dipunleresaken, wonten ing *validasi* tataran II pikantuk biji sae sanget awit sampun dipunleresaken bab pangangening *istilah* saha *simbol*.

(4) *Acuan pustaka akurat*

*Indikator acuan pustaka akurat* wonten ing *validasi* tataran I saha II pikantuk biji 4 ingkang kagolong *kategori* sae. Kalebet *kategori* sae katiti saking *acuan* pustaka ingkang sampun wonten saha leres.

**c) *Kemutakhiran Materi***

Wonten ing cakupaning *materi* kaperang dados kalih *indikator* inggih menika *indikator* jumbuh kaliyan *ipteks* saha *mutakhir*. Wondene pamrayogi dening *dosen ahli materi* tumrap *media* wonten ing *kemutakhiran materi* saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

(1) *Jumbuh kaliyan ipteks*

*Indikator* jumbuh kaliyan *ipteks* wonten ing *validasi* tataran I saha II pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking *media* buku menika sampun jumbuh kaliyan *ipteks*.

(2) *Mutakhir*

*Indikator mutakhir* wonten ing *validasi* tataran I saha II pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. *Indikator* menika kagolong *kategori* sae sanget katiti saking *media* buku menika kanthi *inovasi* ingkang enggal inggih menika andharan *materi* ngginakaken kalih basa, wonten gambar *ilustrasi*, saha ukuran buku ingkang alit supados saged dipunbekta siswa kangge sinau wonten pundi kemawon.

**d) Jumbuh kaliyan Kawontenanipun Siswa**

Wonten ing jumbuh kaliaan kawontenan siswa dipunrantam namung satunggal *indikator* inggih menika *indikator* trep kaliyan kahananipun siswa. *Indikator* trep kaliyan kahanipun siswa wonten ing tataran I saha II pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Kalebet sae sanget katiti saking *media* buku menika ngewrat *materi* ingkang trep kaliyan kahananipun siswa, mliginipun kangge siswa SMP ing banyumasan inggih menika wonten andharan *materi* ingkang ngginakaken basa ngapak saha wonten gambar ingkang saged narik kawigatosanipun siswa.

**e) Kepekaan dhateng Nilai-nilai**

Wonten ing *kepekaan* dhateng *nilai-nilai* namung wonten satunggal *indikator* inggih menika *indikator* ngewrat *nilai-nilai* budaya Jawa. *Indikator* ngewrat *nilai-nilai* budaya Jawa wonten ing tataran I saha II pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Kalebet sae sanget katiti saking *media* buku menika sampun ngewrat *nilai-nilai* budaya Jawa ingkang wonten.

**f) Materi Pendukung**

Wonten ing *materi pendukung* kaperang dados kalih *indikator* inggih menika nuwuhaken raos pengin mangertos saha nuwuhken *kreativitas*. Wondene pamrayogi dening *dosen ahli materi* tumrap *media* wonten ing *aspek materi pendukung* saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

(1) Nuwuhaken raos pengin mangertos

*Indikator* nuwuhaken raos pengin mangertos wonten ing *validasi* tataran I saha II pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking gambar saha basa ingkang dipunginakaken satemah saged nuwuhaken raos siswa supados mangertos *materi* ingkang sampun dipuncawisaken amargi basa ingkang saged nggampilaken siswa anggenipun mangertos *materi*.

(2) Nuwuhaken *kreativitas*

Nuwuhaken *kreativitas* wonten ing *validasi* tataran I saha II pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae sanget. *Indikator* menika kagolong *kategori* sae sanget katiti saking gambar saha gladhen saben bab ingkang sampun saged nuwuhaken *kreativitas* siswa.

Sadaya biji *kualitas media* wonten ing perangan *komponen kelayakan* isi dening *dosen ahli materi* mawi *validasi* tataran I saha tataran II. *Validasi* tataran I rata-rata *presentase* biji pikantuk 95% ingkang kagolong *kategori* sae sanget. *Dosen ahli materi* suka pamrayogi supados dipungatosaken malih *bab keakuratan materi* perangan *konsep, konsistensi istilah saha simbol, acuan* pustaka. Wonten *validasi* II rata-rata *presentase* biji pikantuk 98,3% inggih menika kagolong sae

sanget. *Dosen ahli materi* medharaken bilih *media* buku menika sampun saged/*layak* dipun-*ujicoba* kanthi boten wonten *revisi*.

## 2) **Validasi Kualitas Media dening Dosen Ahli Materi Perangan Kelayakan Penyajian**

*Validasi kualitas media* perangan *komponen kelayakan* isi kaperang dados tigang *aspek* ingkang dipunbiji. Saben *aspek*-ipun dipunperang mawi *indikator-indikator* piyambak. *Validasi* dening *dosen ahli materi* tumrap *kualitas media* perangan *kelayakan penyajian* kaperang dados kalih tataran, inggih menika tataran I saha tataran II. Wondene asiling *validasi kualitas media* perangan *kelayakan* isi dening *dosen ahli materi* saged dipunpirsani wonten ing *tabel* ngandhap menika.

**Tabel 14: Asiling Validasi Kualitas Media Tataran I dening Dosen Ahli Materi Perangan Kelayakan Penyajian**

No	PERANGAN KELAYAKAN PENYAJIAN	Tataran I	
		Kategori	Skor
<b>A. CARANIPUN NDHAPUK MATERI</b>			
1	<i>Keruntutan</i>	SS	5
2	<i>Kontekstual</i>	S	4
<b>B. CARANIPUN NDHAPUK MATERI PIWULNGAN</b>			
1	Wedharan <i>materi</i> dhateng siswa	SS	5
2	Ngrembakakaken <i>keterampilan proses</i>	SS	5
3	Nuwuhaken <i>komunikasi interaktif</i>	SS	5
<b>C. JANGKEPING KAPUSTAKAN</b>			
1	Kapustakan jangep	S	4
<b>Rata-rata presentase biji kualitas media dening dosen ahli materi tataran I perangan kelayakan penyajian</b>		<b>93,3% (Sae Sanget)</b>	

Adhedhasar saking *tabel* wonten ing nginggil, saged dipunmangertos *presentase* biji *kualitas media* dening *dosen ahli materi* tataran I perangan *kelayakan penyajian* inggih menika pikantuk *presentase* 93,3% ingkang kagolong

*kategori sae sanget. Dosen ahli materi suka pamrayogi supados dipungatosaken malih bab kontekstual saha tata panyerating kapustakan.*

Sasampunipun *media* buku menika dipundandosi saha dipunleresaken salajengipun dipuntindakaken *validasi kualitas media* tataran II. Wondene biji *kualitas media* buku menika dening ahli materi perangan *kelayakan penyajian* saged dipunpirsani wonten ing *tabel* ngandhap menika.

**Tabel 15: Asiling Validasi Kualitas Media Tataran II dening Dosen Ahli Materi Perangan Kelayakan Penyajian**

No	PERANGAN KELAYAKAN PENYAJIAN	Tataran II	
		Kategori	Skor
<b>A. CARANIPUN NDHAPUK MATERI</b>			
1	<i>Keruntutan</i>	SS	5
2	<i>Kontekstual</i>	SS	5
<b>B. CARANIPUN NDHAPUK MATERI PAMULANGAN</b>			
1	Wedharan materi dhateng siswa	SS	5
2	Ngrembakakaken <i>keterampilan proses</i>	SS	5
3	<i>Nuwuhaken komunikasi interaktif</i>	SS	5
<b>C. JANGKEPING KAPUSTAKAN</b>			
1	Kapustakan jangkep	S	4
<b>Rata-rata presentase biji kualitas media dening dosen ahli materi tataran II perangan kelayakan penyajian</b>		<b>96,6% (Sae Sanget)</b>	

Adhedhasar saking *tabel* wonten ing nginggil, saged dipunmangertos *presentase* biji *kualitas media* dening *dosen ahli materi* tataran II perangan *kelayakan penyajian* inggih menika pikantuk *presentase* 96,6% kagolong *kategori sae sanget*. Kalebet *kategori sae sanget* katiti saking sadaya andharan *materi sampun sae saha jangkep*.

Adhedhasar saking biji *validasi* tataran I saha tataran II, *media* buku ingkang dipundamel menika dipundandosi satemah jumbuh kaliyan pamrayoginipun *dosen ahli materi* supados saged narik kawigatosanipun siswa

bab sinau maos saha nyerat aksara Jawa. Wondene andharan biji *kualitas media* perangan *kelayakan penyajian* dening *dosen ahli materi* inggih kasebut wonten ing ngandhap menika.

**a) Caranipun Ndhapuk Materi**

Wonten ing *aspek* caranipun ndhapuk *materi* kaperang dados kalih *indikator* inggih menika *keruntutan* saha *kontekstual*. Wondene pamrayogi dening *dosen ahli materi* tumrap *media* wonten ing caranipun ndhapuk *materi* kados ing ngandhap menika.

(1) *Keruntutan*

*Indikator keruntutan* wonten ing *validasi* tataran I saha II pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking *materi* buku menika menika sampun runtut *materi-nipun* ingkang wonten ing SMP. Materi ingkang wonten ing *media* buku inggih menika dipunwiwiti saking *materi* cariyos sejarahipun aksara Jawa, salajengipun cara nyerat aksara Jawa, dumugi *materi* pungkasan inggih menika *materi* angka Jawa.

(2) *Kontekstual*

*Indikator kontekstual* wonten ing *validasi* tataran I pikantuk biji 4 ingkang kagolong *kategori* sae. Wondene *validasi* II pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. *Materi* aksara Jawa ingkang wonten ing buku menika sampun *kontekstual* miturut *kurikulum* ingkang wonten.

**b) Caranipun Ndhapuk Materi Pamulangan**

Wonten ing *aspek* caranipun ndhapuk *materi* pamulangan kaperang dados tigang *indikator*. Wondene pamrayogi dening *dosen ahli materi* tumrap *media*

wonten ing caranipun ndhapuk *materi* pamulangan kados ing ngandhap menika.

(1) Wedharan *materi* dhateng siswa

*Indikator* wedharan *materi* dhateng siswa wonten ing *validasi* tataran I saha II pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking wedharan *materi* ingkang dipuncawisaken sampun dhateng siswa.

(2) Ngrembakakaken *keterampilan proses*

*Indikator* ngrembakakaken *ketrampilan proses* wonten ing *validasi* tataran I saha II pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking *materi* ingkang wonten ing saben bab dipunwiwiti saking pangertosan, tuladha, lajeng gladhen.

(3) Nuwuhaken *komunikatif interaktif*

*Indikator* nuwuhaken *komunikatif interaktif* wonten ing *validasi* tataran I saha II pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae sanget. *Indikator* menika kagolong *kategori* sae sanget katiti saking *media* buku menika sampun saged nuwuhaken *komunikatif interaktif*.

**c) Jangkeping Kapustakan**

Wonten ing *aspek* jangkeping kapustakan namung wonten satunggal *indikator* inggih menika *indikator* ngewrat kapustakan. *Indikator* kapustakan wonten ing tataran I saha II pikantuk biji 4 ingkang kagolong sae. Kalebet sae katiti saking *media* menika sampun wonten *body note*, saha kapustakan ingkang sampun jangkep.

Sadaya biji *kualitas media* wonten perangan *kelayakan penyajian* dening *dosen ahli materi* mawi *validasi* tataran I saha tataran II. *Validasi* tataran I *rata-rata presentase* biji pikantuk 93,3% ingkang kagolong *kategori* sae sanget. *Dosen ahli materi* suka pamrayogi supados dipungatosaken malih *bab keakuratan materi bab kontekstual* saha kapustakanipun. Wonten ing *validasi II rata-rata presentase* biji pikantuk 96,6% menika kagolong sae sanget. *Dosen ahli materi* medharaken bilih *media* buku menika sampun saged/*layak* dipun-*ujicoba* dhateng siswa SMP kanthi boten wonten *revisi* malih.

### 3) *Validasi Kualitas Media* dening *Dosen ahli Materi Perangan Basa*

*Validasi kualitas media* perangan basa kaperang dados nem *aspek* ingkang dipunbiji, saben *aspek* dipunperang mawi *indikator-indikator* piyambak. *Validasi* dening *dosen ahli materi* tumrap *kualitas media* perangan basa kaperang dados kalih tataran inggih menika tataran I saha tataran II. Wondene asiling *validasi kualitas media* perangan basa dening *dosen ahli materi* saged dipunpirsani wonten ing *tabel* ngandhap menika.

**Tabel 16: Asiling Validasi Kualitas Media Tataran I dening Dosen Ahli Materi Perangan Basa**
**f) *Materi Pendukung***

Wonten ing *materi pendukung* kaperang dados kalih *indikator* inggih menika nuwuhaken raos kepingin ngertos saha nuwuhaken *kreativitas*. Wondene pamrayogi dening guru basa Jawi tumrap *media* wonten ing *aspek materi pendukung* kados ing ngandhap menika.

(1) Nuwuhaken raos kepingin ngertos

*Indikator* nuwuhaken raos kepingin ngertos wonten ing *validasi* menika pikantuk *skor* 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking gambar saha basa ingkang dipunginakaken satemah saged nuwuhaken siswa supados kepingin mangertosi *materi* ingkang wonten ing salebeting *media* buku menika.

(2) Nuwuhaken *kreativitas*

Nuwuhaken *kreativitas* wonten ing *validasi* menika pikantuk *skor* 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. *Indikator* menika kagolong *kategori* sae sanget katiti saking gambar saha gladhen saben bab ingkang sampun saged nuwuhaken *kreativitas* siswa.

Asiling biji *kualitas media* wonten perangan *komponen kelayakan* isi dening guru basa Jawi pikantuk 100% ingkang kagolong sae sanget. Adhedhasar saking kasil pamijining menika nedahaken bilih perangan *kelayakan* isi wonten ing salebeting *media* buku ingkang dipundamel menika sampun sae sanget.

## 2) *Validasi Kualitas Media* dening Guru Basa Jawi Perangan *Kelayakan Penyajian*

*Validasi kualitas media* perangan *komponen kelayakan* isi kaperang dados tigang *aspek* ingkang dipunbiji, saben *aspek* dipunperang mawi *indikator-indikator*. Wondene asiling *validasi kualitas media* perangan *kelayakan penyajian* dening guru basa Jawi saged dipunpirsani wonten *tabel* wonten ing ngandhap menika.

**Tabel 25: Asiling Validasi Kualitas Media dening Guru Basa Jawi Perangan Kelayakan Penyajian**

No	PERANGAN KELAYAKAN PENYAJIAN	Kategori	Skor
<b>A. CARANIPUN NDHAPUK MATERI</b>			
1	<i>Keruntutan</i>	SS	5
2	<i>Kontekstual</i>	SS	5
<b>B. CARANIPUN NDHAPUK MATERI PAMULANGAN</b>			
1	Wedharan <i>materi</i> dhateng siswa	SS	5
2	Ngrembakakaken <i>keterampilan proses</i>	SS	5
3	<i>Nuwuhaken komunikasi interaktif</i>	SS	5
<b>C. JANGKEPING KAPUSTAKAN</b>			
1	Kapustakan jangep	SS	5
<b>Rata-rata presentase biji kualitas media dening guru basa Jawi perangan kelayakan penyajian</b>		<b>100% (Sae Sanget)</b>	

Adhedhasar saking *tabel* wonten ing kaca saderengipun, saged dipunmangertos *presentase* biji *kualitas media* dening guru basa Jawi perangan *kelayakan penyajian* inggih menika pikantuk *presentase* 100% ingkang kagolong

*kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking sadaya andharan sampun sae saha jangkep. Wondene andharan biji *kualitas media* perangan *kelayakan penyajian* dening guru basa Jawi inggih kasebut wonten ing ngandhap menika.

**a) Caranipun Ndhapuk Materi**

Wonten ing *aspek* caranipun ndhapuk *materi* kaperang dados kalih *indikator* inggih menika indikator *keruntutan* saha *kontekstual*. Wondene pamrayogi dening guru basa Jawi tumrap *media* wonten ing *aspek* caranipun ndhapuk *materi* kados ing ngandhap menika.

(1) *Keruntutan*

*Indikator keruntutan* wonten ing *validasi kualitas media* saking guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking *materi* buku menika ingkang sampun runtut *materi*-ipun ingkang wonten ing SMP, dipunwiwiti saking *materi* cariyos sejarahipun aksara Jawa, salajengipun cara nyerat aksara Jawa, dumugi *materi* pungkasan inggih menika *materi* angka Jawa.

(2) *Kontekstual*

*Indikator kontekstual* wonten ing *validasi kualitas media* saking guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. *Materi* aksara Jawa ingkang wonten ing buku menika sampun *kontekstual* miturut *kurikulum*.

**b) Caranipun Ndhapuk Materi Pamulangan**

Wonten ing *aspek* caranipun ndhapuk *materi* pamulangan kaperang dados tigang *indikator* inggih menika wedharan *materi* dhateng siswa, ngrembakakaken

*keterampilan proses, saha nuwuhaken komunikatif interaktif.* Wondene pamrayogi dening guru basa Jawi tumrap *media* wonten ing *aspek* caranipun ndhapuk *materi* pamulangan kados ing ngandhap menika.

(1) Wedharan *materi* dhateng siswa

*Indikator* wedharan *materi* dhateng siswa wonten ing *validasi kualitas media* saking guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking wedharan *materi* sampun dhateng siswa.

(2) Ngrembakakaken *keterampilan proses*

*Indikator* ngrembakakaken *ketramampilan proses* wonten ing *validasi kualitas media* dening guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking *materi* ingkang wonten saben bab saking pangertosan, tuladha, lajeng gladhenipun.

(3) Nuwuhaken *komunikatif interaktif*

*Indikator* nuwuhaken *komunikatif interaktif* wonten ing *validasi kualitas media* dening guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. *Indikator* menika kagolong *kategori* sae sanget katiti saking *media* buku menika sampun saged nuwuhaken *komunikatif interaktif*.

**c) Jangkeping Kapustakan**

Wonten ing *aspek* jangkeping kapustakan namung wonten satunggal *indikator* inggih menika *indikator* ngewrat kapustakan. *Indikator* kapustakan dening guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong sae sanget. Kalebet sae katiti saking *media* menika sampun wonten *body note*, kapustakan, lsp.

Sadaya biji *kualitas media* wonten perangan *kelayakan penyajian* dening guru basa Jawi pikantuk *presentase* 100%, ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Adhedhasar saking pamijining menika nedahaken bilih perangan *kelayakan penyajian* wonten ing *media* buku inkang dipundamel menika sae sanget.

### 3) *Validasi Kualitas Media* dening Guru Basa Jawi Perangan Basa

*Validasi kualiasa media* perangan basa kaperang dados nem *aspek* ingkang dipunbiji, saben *aspek* dipunperang mawi *indikator-indikator*. Wondene asiling *validasi kualitas media* perangan basa dening *dosen ahli materi* saged dipunpirsani wonten ing *tabel* ngandhap menika.

**Tabel 26: Asiling *Validasi Kualitas Media* dening Guru Basa Jawi Perangan Basa**

No	PERANGAN BASA	<i>Kategori</i>	<i>Skor</i>
<b>A. CETHA</b>			
1	<i>Materi cetha</i>	SS	5
2	Prasaja	SS	5
<b>B. KOMUNIKATIF</b>			
1	<i>Pemahamipun siswa dhateng materi</i>	SS	5
2	<i>Jumbuhipun gambar kaliyan materi</i>	SS	5
<b>C. DIALOGIS SAHA INTERAKTIF</b>			
1	<i>Saged ndudut siswa kangge ngembang informasi</i>	SS	5
2	<i>Nuwuhaken siswa berfikir kritis</i>	SS	5
<b>D. JUMBUH DHATENG PERKEMBANGAN SISWA</b>			
1	<i>Basa trep kaiyan intelektual siswa</i>	SS	5
2	<i>Basa trep kaliyan emosional siswa</i>	SS	5
<b>E. PANGANGGENING ISTILAH SAHA SIMBOL/IKON</b>			
1	<i>Keajegan ngginakaken istilah</i>	SS	5
2	<i>Kejegan ngginakaken symbol/ikon</i>	SS	5
<b>Tabel salajengipun</b>			
3	<i>Ngginakaken istilah ingkang baku</i>	SS	5
<b>F. JUMBUHING PERANGAN KEBAHASAAN DHATENG KAIDAH BASA</b>			
1	<i>Ngginakaken tataran baku</i>	S	4

<b>Tabel salajengipun</b>			
2	Ejaaning leres	SS	5
<b>Rata-rata presentase biji kualitas media dening guru basa Jawi perangan basa</b>		<b>98,4% (Sae Sanget)</b>	

Adhedhasar saking *tabel* wonten ing nginggil, saged dipunpangguhaken asiling *validasi kualitas media* dening guru basa Jawi perangan basa pikantuk *rata-rata presentase biji kualitas media* 98,4% kanthi *kategori sae sanget*. Manawi dipunpirsani saking sadaya *aspek saha indikator* wonten ing perangan basa *media* buku menika sampun sae sanget. Wondene andharan pamijining *kualitas media* perangan basa dening guru basa Jawi kados makaten.

#### a) Cetha

Wonten ing *aspek* basanipun cetha kaperang dados kalih *indikator* inggih menika *materi* cetha saha prasaja. Wondene pamrayogi dening guru basa Jawi tumrap *media* wonten ing *aspek* basanipun cetha kados ing ngandhap menika.

##### (1) Materi cetha

*Indikator* basanipun *materi* cetha wonten ing *validasi kualitas media* saking guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori sae sanget*. Kalebet *kategori sae sanget* katiti saking panganggening basa wonten *media* buku menika sampun cetha.

##### (2) Prasaja

*Indikator* basanipun prasaja wonten ing *validasi kualitas media* saking guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori sae sanget*. Kalebet *kategori sae sanget* katiti saking panganggening basa wonten *media* buku menika sampun prasaja.

**b) Komunikatif**

Wonten ing *aspek komunikatif* kaperang dados kalih *indikator* inggih menika *pemahaman* siswa dhateng *materi* saha jumbuhipun gambar kaliyan *materi*. Wondene pamrayogi dening guru basa Jawi tumrap *media* wonten ing *aspek* basanipun *komunikatif* kados ing ngandhap menika.

(1) *Pemahaman*-ipun siswa dhateng *materi*

*Indikator pemahaman*-ipun siswa dhateng *materi* wonten ing *validasi kualitas media* dening guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking *pemahaman*-ipun siswa dhateng *materi* sampun saged mangertos *materi* ingkang wonten.

(2) Jumbuhipun gambar kaliyan *materi*

*Indikator jumbuhipun gambar kaliyan materi* wonten ing *validasi kualitas media* dening guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking gambar ingkang wonten ing *media* menika sampun trep saha jumbuh kaliyan *materi*ipun.

**c) Dialogis saha interaktif**

Wonten ing *aspek* basanipun *dialogis* saha *interaktif* kaperang dados kalih *indikator* inggih menika saged ndudut *motivasi siswa* kangge ngrembag *informasi* saha *indikator* nuwuhaken siswa *berfikir kritis*. Wondene pamrayogi dening guru basa Jawi tumrap *media* wonten ing *aspek* basanipun *dialogis* saha *interaktif* kados ing ngandhap menika.

(1) Saged ndudut *motivasi* siswa kangge ngrembag *informasi*

*Indikator* saged ndudut *motivasi* siswa kangge ngrembag *informasi* wonten ing *validasi kualitas media* saking guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking *media* buku menika sampun saged ndudut *motivasi* siswa kangge ngrembag *informasi* ingkang wonten ing *media* buku menika.

(2) Nuwuhaken siswa *berfikir kritis*

*Indikator* nuwuhaken siswa *berfikir kritis* wonten ing *validasi kualitas media* saking guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking *media* buku menika sampun saged nuwuhaken siswa supados *berfikir kritis*.

**d. Jumbuh kaliyan *perkembangan* siswa**

Wonten ing *aspek* basanipun jumbuh kaliyan *perkembangan* siswa kaperang dados kalih *indikator* inggih menika basa trep kaliyan *intelektual* siswa saha basa trep kaliyan *emosional* siswa. Wondene pamrayogi dening guru basa Jawi tumrap *media* wonten ing *aspek* basanipun jumbuh kaliyan *perkembangan* siswa kados ing ngandhap menika.

(1) Basa trep kaliyan *intelektual* siswa

*Indikator* basa trep kaliyan *intelektual* siswa wonten ing *validasi kualitas media* dening guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking panganggening basa wonten ing *media* buku menika sampun trep kaliyan kahananipun *intelektual* siswa.

(2) Basa trep kaliyan *emosional siswa*

*Indikator* basa trep kaliyan *emosional siswa* ing *validasi kualitas media* dening guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking panganggening basa wonten ing *media* buku menika sampun trep kaliyan kahananipun *emosional siswa*.

**e. Panganggening istilah saha simbol/ikon**

Wonten ing *aspek* panganggening *istilah* saha *simbol/ikon* kaperang dados tigang *indikator* inggih menika keajegan ngginakaken *istilah*, keajegan ngginakaken *simbol*, saha ngginakaken *istilah* ingkang baku. Wondene pamrayogi dening guru basa Jawi tumrap *media* wonten ing *aspek* panganggening *istilah* saha *simbol* kados ing ngandhap menika.

(1) Keajegan ngginakaken *istilah*

Wonten ing *Indikator* keajegan ngginakaken *istilah* ing *validasi kualitas media* saking guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking *media* menika sampun ajeg panganggening *istilah*.

(2) Keajegan ngginakaken *simbol/ikon*

*Indikator* keajegan ngginakaken *simbol/ikon* wonten ing *validasi kualitas media* saking guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Kalebet *kategori* sae sanget katiti saking sampun ajeg panganggening *simbol/ikon*.

(3) Ngginakaken *istilah ingkang baku*

*Indikator ngginakaken istilah ingkang baku wonten ing validasi kualitas media saking guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong kategori sae sanget. Kalebet kategori sae sanget katiti saking media menika sampun ngginakaken istilah ingkang baku.*

**f. Jumbuhipun komponen basa dhateng kaidah basa**

Wonten ing *aspek jumbuhipun komponen basa dhateng kaidah basa kaperang dados kalih indikator inggih menika indikator ngginakaken tataran baku saha ejaaning leres. Wondene pamrayogi dening guru basa Jawi tumrap media wonten ing aspek jumbuhipun komponen basa dhateng kaidah basa kados ing ngandhap menika.*

(1) Ngginakaken tataran *baku*

*Indikator ngginakaken tataran baku ing validasi kualitas media saking guru basa Jawi pikantuk biji 4 ingkang kagolong kategori sae. Kalebet kategori sae katiti saking media buku menika sampun ngginakaken tataran basa ingkang baku.*

## (2) Ejaaning leres

*Indikator ejaaning leres wonten ing validasi kualitas media dening guru basa Jawi pikantuk biji 5 ingkang kagolong kategori sae sanget. Pramila kawontenan menika nedahaken bilih panganggening ejaanipun wonten ing media buku menika sampun leres saha trep.*

*Presentase biji kualitas media wonten validasi kualitas media dening guru basa Jawi dipunpirsani saking perangan kelayakan isi, kelayakan penyajian, saha perangan basa 99,35%. Presentase kasebut nedahaken bilih media buku saha*

nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan sinau maos “Caraka” kangge siswa SMP menika kagolong sae sanget. *Media* buku menika *layak* utawi sampun saged dipun-ujicoba kanthi boten wonten *revisi*. Wondene asiling *validasi kualitas media* saking sadaya perangan dening guru basa Jawi saged dipunpirsani wonten ing *tabel* ngandhap menika.

Tabel 27: Asiling Biji wonten *Validasi Kualitas Media* dening Guru Basa Jawi

No	Perangan	Kategori	Skor
<b>I. KOMPONEN KELAYAKAN ISI</b>			
<b>A. CAKUPANING MATERI</b>			
1	Tebaning <i>materi</i>	SS	5
2	Komplitipun <i>materi</i>	SS	5
<b>B. KEAKURATAN MATERI ( PAS/PENER )</b>			
3	<i>Konsep</i> saha <i>definisi</i> akurat	SS	5
4	Tuladha gambar saha <i>ilustrasi</i> akurat	SS	5
5	<i>Konsistensi istilah</i> saha <i>symbol</i> akurat	SS	5
6	<i>Acuan</i> pustaka akurat	SS	5
<b>C. KEMUTAKHIRAN MATERI</b>			
7	Jumbuh kaliyan <i>ipteks</i>	SS	5
8	<i>Mutakhir</i>	SS	5
<b>D. JUMBUH KALIYAN KAWONTENAN SISWA</b>			
9	Trep kaliyan kahananipun siswa	SS	5
<b>E. KEPEKAAN DHATENG NILAI-NILAI</b>			
10	Ngewrat dhateng <i>nilai-nilai</i> budaya Jawi	SS	5
<b>F. MATERI PENDUKUNG</b>			
11	Nuwuhaken raos pengin mangertos	SS	5
12	Nuwuhken <i>keaktivitas</i>	SS	5
<b>II. PERANGAN KELAYAKAN PENYAJIAN</b>			
<b>A. CARANIPUN NDHAPUK MATERI</b>			
13	<i>Keruntutan</i>	SS	5
14	<i>Kontekstual</i>	SS	5
<b>B. CARANIPUN NDHAPUK MATERI PIWULNGAN</b>			
15	Wedharan <i>materi</i> dhateng siswa	SS	5
16	Ngrembakakaken <i>keterampilan proses</i>	SS	5
17	Nuwuhaken <i>komunikasi interaktif</i>	SS	5
<b>C. JANGKEPING KAPUSTAKAN</b>			
18	Kapustakan jangep	SS	5

<b>Tabel salajengipun</b>			
<b>III. PERANGAN BASA</b>			
<b>A. CETHA</b>			
19	<i>Materi cetha</i>	SS	5
20	Prasaja	SS	5
<b>B. KOMUNIKATIF</b>			
21	<i>Pemahamanipun siswa dhateng materi</i>	SS	5
22	<i>Jumbuhipun gambar kaliyan materi</i>	SS	5
<b>C. DIALOGIS SAHA INTERAKTIF</b>			
23	<i>Saged ndudut siswa kangge ngembag informasi</i>	SS	5
24	<i>Nuwuhaken siswa berfikir kritis</i>	SS	5
<b>D. JUMBUH DHATENG PERKEMBANGAN SISWA</b>			
25	<i>Basa trep kaliyan intelektual siswa</i>	SS	5
26	<i>Basa trep kaliyan emosional siswa</i>	SS	5
<b>E. PANGANGGENING ISTILAH SAHA SIMBOL/IKON</b>			
27	<i>Kejegan ngginakaken istilah</i>	SS	5
28	<i>Kejegan ngginakaken symbol/ikon</i>	SS	5
29	<i>Ngginakaken istilah ingkang baku</i>	SS	5
<b>F. JUMBUHING PERANGAN KEBAHASAAN DHATENG KAIDAH BASA</b>			
30	<i>Ngginakaken tataran baku</i>	S	4
31	<i>Ejaaning leres</i>	SS	5
<b>Jumlah</b>			<b>154</b>
<b>Presentase</b>			<b>99,35%</b> <b>(Sae Sanget)</b>

**d. Ujicoba Winates**

Sasampunipun *media* buku menika dipun-*validasi* saha dipunsarujuki *layak/saged ujicoba* dening *dosen ahli materi, dosen ahli media*, saha pamanggih guru basa Jawi, tataran salajengipun inggih menika *ujicoba winates* tumrap 12 siswa kelas VIII A SMP N 1 Rowokele *semester genap* ingkang dipunpilih miturut pamanggihipun guru basa Jawi mawi kriteria *kecerdasan* ingkang beda-beda. *Ujicoba winates* menika ancasingipun kangge mangertos saha madosi menapa ingkang kirang sae saha kirang trep wonten ing *media* buku ingkang dipundamel menika. Asiling saking *ujicoba* menika kangge dhasar nindakaken *revisi produk media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka”

kangge siswa SMP ingkang pungkasan.

Tataran *ujicoba* menika dipunwiwiti kanthi cara mbagikaken buku dhateng siswa. Salajengipun dipunadharaken *materi* ingkang wonten ing *media* buku menika, sasampunipun dipunandharaken bab *materi*, siswa dipunparingi wekdal satunggal dinten kangge mahami saha maos kanthi premati *media* buku menika piyambak-piyambak. Sasampunipun satunggal dinten siswa dipunparingi angket pamijining *media*, siswa dipundhawuh ngisi saha nyerat pamrayogi wonten ing lembar *angket* menika. Kanthi cara menika saged dipunmangertosi kados pundi pamanggih siswa tumrap *media* buku ingkang dipundamel menika. Wondene andharan pamanggihipun siswa tumrap *media* buku kados makaten.

### 1) Perangan Materi

Lembar *evaluasi* utawi *angket* pamanggih siswa tumrap *kualitas media* buku perangan *materi* wonten gangsal *indikator*. *Indikator-Indikator* menika antawisipun 1) *materi* cetha, 2) basa ingkang dipunginakaken *lugas*, 3) basa trep kaliyan kahananipun siswa, 4) pesan gampil dipunmangertosi, saha 5) gambar/ilustrasi jumbuh kaliyan *materi*.

Siswa dipundhawuhi ngisi pamanggih tumrap *kualitas media* perangan *materi* kanthi nyukani tandha centhang (✓) wonten ing saben *indikator*. Wondene asiling angket pamanggih siswa tumrap *kualitas media* perangan *materi* saged dipunpirsani wonten ing *tabel* ngandhap menika.

**Tabel 28: Asiling Angket Pamanggih Siswa Perangan Materi**

No.	Nama Siswa	Skor kangge Indikator ingkang angka				
		1	2	3	4	5
1	Firman A.K	5	5	5	4	4
2	Anisa Fitri	5	4	5	4	5
3	Barokaturrizkia A	5	4	5	5	5

<b>Tabel salajengipun</b>						
<b>4</b>	Memehy Dwi A	5	4	5	4	5
<b>5</b>	Okty Kholifah	5	4	5	5	5
<b>6</b>	Saeful Khoerudin	5	4	5	5	5
<b>7</b>	Sintia Rahmawati	5	4	5	4	5
<b>8</b>	Wanda Srimiatsih	5	4	5	5	5
<b>9</b>	Agil Hajirudin	4	5	4	5	5
<b>10</b>	Anas Akbar Khabibullah	5	4	5	5	5
<b>11</b>	Lungga Sasi Reandit Palguna	5	4	5	5	4
<b>12</b>	Melky Anggita P.N	5	5	4	5	5
<b>Jumlah</b>		<b>59</b>	<b>51</b>	<b>58</b>	<b>56</b>	<b>58</b>
<b>Rata-rata presentase skor pamiji perangan materi inggih menika 94% ingkang kagolong kategori sarujuk sanget</b>						

Rata-rata presentase skor pamijining saking siswa perangan materi inggih menika 94%, ingkang kagolong kategori sarujuk sanget. Pamanggih siswa sarujuk sanget tumrap perangan materi, nedahaken bilih media buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP menika siswa sampun sarujuk sanget bab isinipun materi supados nggampilaken sinau aksara Jawa wonten ing tlatah banyumasan. Kanthi makaten media menika saged mbiyantu kangge siswa sinau maos saha nyerat aksara Jawa.

## 2) Perangan Tampilan

Lembar evaluasi utawi angket pamanggih siswa tumrap kualitas media buku perangan tampilan wonten sawelas indikator. Indikator-Indikator menika antawisipun 1) ukuran aksara/font trep, 2) aksara ingkang dipunginakaken sederhana, 3) tata letak seratan rapi, 4) ukuran gambar cetha, 5) warnanipun gambar menarik, 6) gambar ingkang dipunginakaken saged narik kawigatosan kula, 7) desain sampul menarik, 8) desain saben kaca sae, 9) background boten ngganggu seratanipun, 10) warna seratan kontras kaliyan background, saha 11) sadayanipun ilustrasi trep.

Siswa dipundhawuhi ngisi pamanggih tumrap *kualitas media* perangan *tampilan* kanthi nyukani tandha centhang (✓) wonten ing saben *indikator*. Wondene asiling angket pamanggih siswa tumrap *kualitas media* perangan *tampilan* saged dipunpirsani wonten ing *tabel* ing ngandhap menika.

**Tabel 29: Asiling Angket Pamanggih Siswa Perangan Tampilan**

No.	Nama Siswa	Skor kangge Indikator ingkang angka					
		1	2	3	4	5	6
1	Firman A K	4	5	5	4	4	5
2	Anisa Fitri	5	5	4	5	5	5
3	Barokaturrizkia A	5	5	5	5	4	4
4	Memehy Dwi A	4	4	5	5	4	5
5	Okty Kholifah	5	5	5	5	4	4
6	Saeful Khoerudin	5	5	5	5	5	5
7	Sintia Rahmawati	5	4	5	4	5	5
8	Wanda Srimiatsih	5	5	5	5	4	5
9	Agil Hajirudin	5	5	4	4	5	4
10	Anas Akbar Khabibullah	5	5	5	5	4	5
11	Lungga Sasi Reandit Palguna	5	4	4	5	5	5
12	Melky Anggita P N	4	5	5	5	5	4
<b>Jumlah</b>		<b>57</b>	<b>57</b>	<b>57</b>	<b>57</b>	<b>54</b>	<b>56</b>

<b>Tabel salajengipun</b>						
No.	Nama Siswa	Skor kangge Indikator ingkang angka				
		7	8	9	10	11
1	Firman A.K	5	4	5	5	5
2	Anisa Fitri	5	4	5	5	4
3	Barokaturrizkia A	4	5	5	5	5
4	Memehy Dwi A	5	4	4	5	5
5	Okty Kholifah	4	5	5	5	5
6	Saeful Khoerudin	5	5	4	5	5
7	Sintia Rahmawati	5	4	5	4	5
8	Wanda Srimiatsih	5	5	5	5	4
9	Agil Hajirudin	4	5	4	4	5
10	Anas Akbar Khabibullah	5	5	5	4	5
11	Lungga Sasi Reandit Palguna	4	5	5	3	5
12	Melky Anggita P.N	4	5	5	5	5
<b>Jumlah</b>		<b>55</b>	<b>56</b>	<b>57</b>	<b>55</b>	<b>58</b>
<b>Rata-rata presentase skor pamiji perangan tampilan inggih menika 93,78% ingkang kagolong kategori sarujuk sanget</b>						

Adhedhasar saking *tabel* wonten ing kaca saderengipun menika saged dipunmangertos *rata-rata presentase skor* pamijining siswa perangan *materi* inggih menika 93,78%, ingkang kagolong *kategori* sarujuk sanget. Pamanggih siswa sarujuk sanget tumrap perangan *tampilan*, nedahaken bilih *media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP menika siswa sampun sarujuk sanget *bab tampilan media* ingkang wonten ing buku menika, saha sampun sae satemah saged narik kawigatosanipun siswa.

### **3) Biji Pammanggih Siswa Sadaya Perangan**

*Presentase* biji pamanggih siswa wonten sadaya perangan *media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP menika pikantuk 93,85% ingkang kagolong sarujuk sanget. Sanesipun saking biji utawi *presentase* menika saged dipunpirsani saking pamrayogi siswa wonten *angket* (andharan pamanggih siswa saged dipunpirsani wonten ing lampiran)

Adhedhasar saking pamrayogi siswa saged dipupendhet dudutan bilih siswa remen sanget ngginakaken *media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP menika amargi basa, *materi* saha tampilan gampil dipunmangertosi siswa. Kanthi *media* menika siswa dados remen saha greged anggenipun sinau basa Jawi mliginipun bab *materi* maos saha nyerat aksara Jawa.

## **B. Pirembagan**

### **1. Caranipun Damel *Media* Buku kanthi Irah-irahan Sinau Maos saha Nyerat Aksara Jawa “Caraka” kangge Siswa SMP**

#### **a. Tataran Panaliten *Pendahuluan/Analisis* Kabetahan**

Tataran panaliten *pendahuluan/analisis* kabetahan inggih menika tataran ingkang purwaka saderengipun ngrancang *media*. Wonten ing tataran menika, dipuntindakaken inggih menika pados *referensi* saking buku saha *observasi* wonten ing SMP N 1 Rowokele. Wonten ing salebeting *observasi*, dipun-*analisis kurikulum* saha *analisis* pamulangan aksara Jawa saha kahananipun siswa wonten ing kelas. Tataran menika dipuntindakaken kangge *analisis* kabetahan damel *media*. *Analisis kurikulum* nedahaken bilih pamulang basa Jawi *berbasis* KTSP Provinsi Jawa Tengah kangge siswa SMP kados makaten.

#### **1) Kelas VII**

Tumrap siswa kelas VII, *Standar Kompetensi* (SK) angka satunggal ingkang dipunginakaken inggih menika “*Membaca bacaan sastra dan nonsastra dalam berbagai teknik membaca, dan bacaan beraksara Jawa*” saha *Kompetensi dasar-*ipun (KD) “*Membaca paragraf sederhana beraksara Jawa*”. Wondene indikator ingkang dipungayuh wonten *kompetensi* menika:

- a) *siswa dapat membaca bacaan beraksara Jawa*
- b) *siswa dapat menunjukkan kalimat yang dimaksud dalam bacaan*
- c) *siswa dapat menyalin kedalam aksara latin*
- d) *siswa dapat menjawab pertanyaan bacaan dengan aksara Jawa*

Makaten ugi tumrap siswa kelas VII, *Standar Kompetensi (SK)* kaping kalih ingkang dipunginakaken inggih menika “*Mengungkapkan pikiran, pendapat, gagasan dan perasaan dalam berbagai jenis karangan menggunakan ragam bahasa Jawa sesuai unggah-ungguh dan menulis kalimat beraksara Jawa*” saha kompetensi dasar-ipun (KD) “*Menulis kalimat beraksara Jawa*”. Wondene indikator ingkang dipungayuh wonten *kompetensi* menika:

- a) *siswa dapat menjelaskan fungsi setiap sandhangan panyigeg dan sandhangan wyanjana.*
- b) *siswa dapat menulis kalimat beraksara Jawa dengan menerapkan sandhangan panyigeg dan sandhangan wiyanjana*
- c) *siswa dapat melengkapi kalimat rumpang ber-aksara Jawa.*

Tumrap siswa kelas VII *semester genap*, *Standar Kompetensi (SK)* kaping tiga ingkang dipunginakaken inggih menika “*Membaca bacaan sastra dan nonsastra dalam berbagai teknik membaca, dan bacaan beraksara Jawa*” saha *Kompetensi dasar-ipun (KD)* “*Membaca paragraf sederhana beraksara Jawa*”. Wondene indikator ingkang dipungayuh wonten *kompetensi* menika:

- a) *siswa dapat membaca bacaan beraksara Jawa*
- b) *siswa dapat menunjukkan kalimat yang dimaksud dalam bacaan*
- c) *siswa dapat menyalin kedalam aksara latin*
- d) *siswa dapat menjawab pertanyaan bacaan dengan aksara Jawa*

Tumrap siswa kelas VII *semester genap*, *Standar Kompetensi (SK)* kaping sakawan ingkang dipunginakaken inggih menika “*Mengungkapkan pikiran, pendapat, gagasan dan perasaan dalam berbagai karangan menggunakan ragam*

*bahasa Jawa sesuai dengan unggah-ungguh bahasa yang benar, dan menulis kalimat beraksara Jawa.” saha Kompetensi dasar-ipun (KD) “Menulis paragraf sederhana beraksara Jawa”. Wondene indikator ingkang dipungayuh wonten kompetensi inggih menika:*

- 1) siswa dapat menyebutkan kegunaan sandhangan wyanjana*
- 2) siswa dapat melengkapi kalimat rumpang dengan kata bersandhangan wyanjana*
- 3) siswa dapat menyalin paragraf aksara latin menjadi paragraf aksara Jawa*

## **2) Kelas VIII**

Tumrap siswa kelas VIII semester gasal, Standar Kompetensi (SK) kaping pisan ingkang dipunginakaken inggih menika *“Mampu membaca dan memahami isi bacaan sastra dan nonsastra, dan bacaan beraksara Jawa” saha Kompetensi dasar-ipun (KD) “Membaca dan memahami paragraf bacaan sederhana beraksara Jawa ± 5 – 7 kalimat”. Wondene indikator ingkang dipungayuh wonten kompetensi menika:*

- a) siswa dapat membaca bacaan beraksara Jawa.*
- b) siswa dapat menyalin bacaan ke dalam aksara latin.*

Tumrap siswa kelas VIII semester gasal, Standar Kompetensi (SK) kaping kalih ingkang dipunginakaken inggih menika *“Mengungkapkan pikiran, pendapat, gagasan dan perasaan secara tertulis dalam tulisan dan ragam bahasa Jawa sesuai dengan unggah-ungguh dan menulis paragraf beraksara Jawa” saha Kompetensi dasar-ipun (KD) “Menulis paragraf bacaan beraksara Jawa ± 5 – 7 kalimat”. Wondene indikator ingkang dipungayuh wonten kompetensi menika:*

a) siswa dapat menulis 1 paragraf beraksara Jawa.

Tumrap siswa kelas VIII semester genap, Standar Kompetensi (SK) kaping tiga ingkang dipunginakaken inggih menika “Mampu membaca bacaan sastra, nonsastra dalam berbagai teknik membaca, dan bacaan beaksara Jawa” saha Kompetensi dasar-ipun (KD) “Membaca dan memahami paragraf bacaan beraksara Jawa ± 5 – 7 kalimat”. Wondene indikator ingkang dipungayuh wonten kompetensi menika:

- a) siswa dapat membaca paragraf beraksara Jawa dengan penerapan semua pasangan.
- b) siswa dapat menyebutkan pasangan yang digunakan dalam kalimat

### 3) Kelas IX

Tumrap siswa kelas IX, Standar Kompetensi (SK) angka sapisan ingkang dipunginakaken inggih menika “Mampu membaca bacaan sastra, nonsastra dalam berbagai teknik membaca, dan bacaan beraksara Jawa” saha Kompetensi dasar-ipun (KD) “Membaca paragraf beraksara Jawa yang menerapkan angka Jawa”. Wondene indikator ingkang dipungayuh wonten kompetensi menika:

- a) siswa dapat membaca bacaan beraksara Jawa.
- b) siswa dapat menyalin bacaan ke dalam aksara latin.
- c) siswa dapat menjelaskan isi bacaan.
- d) siswa dapat menjawab pertanyaan.

Tumrap siswa kelas IX, Standhar Kompetensi (SK) kaping kalih ingkang dipunginakaken inggih menika “Mampu mengungkapkan pikiran, pendapat, gagasan dan perasaan dalam berbagai jenis karangan menggunakan ragam

*bahasa Jawa sesuai unggah-ungguh, dan menulis paragraf beraksara Jawa” saha Kompetensi dasar-ipun (KD) “Menulis paragraf beraksara Jawa dengan menerapkan angka Jawa”. Wondene indikator ingkang dipungayuh wonten kompetensi menika:*

- a) siswa dapat menulis bentuk-bentuk angka Jawa*
- b) siswa dapat menulis kalimat yang menggunakan angka Jawa*
- c) siswa dapat menulis paragraf sederhana yang menggunakan angka Jawa*

Sasampunipun *analisis kurikulum*, salajengipun *analisis data* saking *observasi* pamulangan aksara Jawa wonten ing kelas saha kahananipun siswa. Adhedasar saking *observasi*, nedahaken kaprigelan siswa anggenipun mangertos *materi* menika boten sami. Supados saged nggayuh ancasing pasinaon, mila kedah nggatosaken kaprigelan siswa ingkang beda-beda sarta nggatosaken bab-bab ingkang nyengkuyung mindhakaken siswa anggenipun mangertosi *materi*.

Wonten ing SMP N 1 Rowokele menika siswa asring rame saha kirang mangertos andharan *materi* ingkang ngginakaken basa krama nalika sinau maos saha nyerat aksara Jawa. Siswa ugi kirang *bahan* kangge waosan bab *materi* aksara Jawa.

Awit saking menika guru nersakaken sanget wontenipun *media* ingkang saged mbiyantu siswa supados saged sinau piyambak wonten ing griya saha wonten ing sekolah utawi saged dipunsinau siswa wonten pundi kemawon. Guru ugi nersakaken sanget wontenipun *media* buku ingkang saged narik kawigatosanipun siswa saha gampang dipunmangertos dening siswa mliginipun siswa ingkang ngginakaken basa Jawi dialek Banyumas ingkang taksih awrat

ngginakaken basa krama.

**b. Tataran *Perencanaan saha Perancangan (Ngrancang Media)***

Sasampunipun nyamektakaken menapa kabetahanipun, salajengipun inggih menika tataran *perencanaan saha perancangan (ngancang media)*. Awit saking *analisis* kabetahan wonten ing SMP, dipuntemtokaken *media* ingkang sae saha trep kaliyan kahananipun siswa SMP kangge sinau maos saha nyerat aksara Jawa. Salajengipun dipunpendhet dudutan bilih *media* ingkang dipundamel menika langkung sae *media* ingkang nggampilaken siswa sinau, saged narik kawigatosanipun siswa, saha saged narik supados siswa remen maos buku. Adhedhasar saking andharan wonten ing nginggill menika, dipuntemtokakaken bilih *media* ingkang dipunrancang menika awujud buku *saku/ukuranipun* alit.

*Produk media* buku ingkang dipunrancang menika awujud buku ingkang alit, saha wonten andharan *materi* ingkang ngginakaken basa krama saha basa ngapak/banyumasan. *Media* buku menika alit satemah saged dipunsinau dening siswa wonten ing kelas saha saged dipunsinaoni siswa wonten pundi kemawon, saha buku menika ngginakaken basa ingkang gampil dipunmangertos dening siswa.

**c. Tataran *Penyusunan Draft/Damel Media***

Tataran salajengipun sasampunipun tataran ngrancang *media* inggih menika tataran damel *media*. Wonten ing tataran menika dipuntindakaken damel *media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP ingkang kaperang dados 5 tataran. Wondene andharan saking 5 tataran menika saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

1) Damel *kerangka materi* ingkang badhe dipunrembag

Tataran ingkang kaping satunggal inggih menika damel *kerangka materi* ingkang badhe dipunrembag. Wonten ing tataran menika dipuntemtokaken *pokok-pokok materi* ingkang dipunbetahaken miturut *Standar Kompetensi* saha *Kompetensi Dasar*. Wonten ing tataran damel kerangka *materi* ingkang badhe dipunrembag menika dipuntemtokaken *materi* aksara Jawa ingkang wonten ing SMP inggih menika antawisipun dipunwiwiti saking *materi* cariyos sejarahipun aksara Jawa, cara nyerat aksara Jawa, salajengipun *materi* aksara Jawa legena, sandhangan aksara Jawa, pasangan aksara Jawa, saha *materi* angka Jawa.

2) Ngempalaken *bahan-bahan materi* kanthi cara maos buku saha pados wonten ing *internet*

Tataran ingkang kaping kalih wonten ing tataran damel *media* inggih menika ngempalaken sadaya *bahan-bahan* ingkang dipunbetahaken. Wonten ing tataran menika dipunkempalaken *materi* saking maos buku-buku saha ngempakaken *materi* saking *akses internet*.


Wonten ing tataran menika dipunkempalaken *materi* ingkang gegayutan kaliyan *materi* maos saha nyerat aksara Jawa ingkang wonten ing SMP dipunwiwiti saking *materi* cariyos sejarahipun aksara Jawa dumugi *materi* ingkang pungkasan inggih menika *materi* angka Jawa. Buku ingkang dipunwaos antawisipun buku *Membaca Manuskrip Jawa*, *Komprehensi Tulis*, *Wewaton Panulise Basa Jawa*, saha buku *Sinau Aksara Jawa untuk Anak*. Wondene *materi* ingkang pados saking *internet* antawisipun gambar-gambar saha seratan ingkang gayut kaliyan *materi* ingkang wonten.

Sasampunipun dipunkempalaken *materi* ingkang dipunbetahaken, salajengipun damel naskah *media* ingkang ngrangkum sadaya *materi* wonten ing *media* buku ingkang dipundamel menika awit saking purwaka dumugi pungkasan. Naskah *media* menika dipundamel kangge nggampilaken anggenipun damel *media* buku ingkang dipundamel menika (naskah *media* saged dipunpirsani wonten ing *lampiran*).

- 3) Nemtokaken *desain* wujudipun buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP

Tataran ingkang kaping tiga *penyusunan draft*/damel *media* inggih menika nemtokaken *desain* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP. Damel buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP menika dipunperang dados 5 inggih menika nemtokaken *desain cover* buku, *desain subjudul* buku, *desain isi* buku, *ukuran*-ipun buku, jinising aksara saha warnanipun seratan. Proses kangge mujudaken *desain* buku kasebut ngginakaken *software Corel Draw X5*. Wondene andharan anggenipun nemtokaken *desain* wujudipun buku saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

- 1) *Desain cover* buku



Gambar 1: *Tampilan desain cover* buku

Inggang langkung rumiyin inggih menika damel *desain cover* buku. Cara damel gambar *cover* buku kanthi cara *manual* gambar wonten ing kertas ingkang salajengipun dipun-*scan* saha dipunlebetaken wonten ing *program corel draw*.

Gambar ingkang wonten ing *cover* buku inggih menika gambar tiyang sepuh ingkang lenggah kaliyan putranipun. Gambar menika nedahaken bilih tiyang Jawi menika makmur saha caket kaliyan putra-putranipun, ingkang saged dipungambaraken tiyang sepuh menika saweg nyariyosaken sejarahipun aksara Jawa dhateng putranipun ingkang *ilustrasi*-nipun wonten ing sawingkingipun gambar tiyang sepuh saha putranipun.

Salajengipun dipungambar *desain* pinggir ingkang kados ukiran ingkang *unik*. Wonten ing sawingkingipun gambar tiyang sepuh kaliyan putranipun woten gambar wayang Ajisaka kaliyan Dora saha Sembada ingkang nyariyosaken bab cariyos sejarahipun aksara Jawa. Wonten ing *cover* buku wonten seratan ingkang irah-irahanipun buku, panganggit, saha ancasing pamaos buku.

## 2) *Desain subjudul* buku

Dhaftar Isi	
1. Cariyos Timbulipun Aksara Jawa .....	1
2. Cara Nyerat Aksara Jawa .....	22
3. Aksara Jawa Legena .....	25
Aksara Jawa Legena .....	26
Tuladha Aksara Jawa Legena .....	27
Tuladha Tembung ingkang Ngangge .....	
Aksara Nglegena .....	28
Gladhen Aksara Jawa Nglegena .....	29
Kunci Gladhen Aksara Jawa Nglegena .....	30
4. Sandhangan Aksara Jawa .....	31
1. Sandhangan Swara .....	33
2. Tuladha Tembung ingkang Ngangge .....	
Sandhangan Swara .....	35
3. Gladhen Sandhangan Swara .....	36
4. Sandhangan Panyigeg Wanda .....	37
5. Tuladha Tembung ingkang Ngangge .....	
Sandhangan Panyigeg Wanda .....	40


Gambar 2: *Tampilan desain subjudul* buku

Salajengipun ingkang kaping kalih inggih menika damel *desain* kangge prawacana, dhaftar isi, saha *subjudul* buku ingkang saged dipunpirsani wonten gambar 2. Wonten ing *desain* prawacana saha daftar isi *desain*-ipun sami inggih menika wonten gambar gunung kangge *background*, wonten garis pinggir kangge *hiasan*, saha seratan prawacana saha dhaftar isi wonten ing salebeting garis pinggir. *Desain background* kangge *subjudul materi* sami kados ingkang dipunginakaken kangge prawacana saha dhaftar isi ingkang wonten *background* gunung saha garis pinggir, ingkang mbedakaken inggih menika *desain* kangge *subjudul materi* ingkang dipunparingi *objek* kangge seratan *subjudul* wonten ing tengah *objek* menika.

### 3) *Desain isi buku*



Gambar 3: *Tampilan desain isi buku*



Gambar 4: *Tampilan desain gladhen pungkasan*

Salajengipun ingkang kaping tiga inggih menika damel *desain* kangge isi buku saha gladhen pungkasan. *Desain* isi buku saged dipunpirsani wonten ing gambar 3. *Desain* isi buku menika langkung prasaja awit wonten ing saben kacanipun namung dipunserat nama panyerat saha irah-irahanipun buku, kangge *background* warni ijem saha pethak, saha wonten ingkang dipunginakaken kangge panyerating kaca.


*Desain* kangge gladhen pungkasan beda kaliyan *desain* kertas kangge isinipun buku ingkang saged dipunpirsani wonten ing gambar 4. Wonten ing *desain* gladhen pungkasan menika dipundamel *desain* ingkang langkung warna-warni ingkang kathahipun sakawan warni kangge *background*, wonten ugi panyerating kangge kaca, garis pinggir kangge nyerat gladhenipun wonten salebeting saha wonten seratan kangge irah-irahan gladhen pungkasan menika.

## 4) Ukuranipun buku

Gambar 5: *Tampilan desain ukuranipun buku*

Salajengipun ingkang kaping sakawan dipuntemtokaken ukuranipun anggenipun damel buku. Ukuranipun buku inggih menika dipuntemtokaken ukuranipun ingkang wujudipun alit satemah saged dipunlebetaken wonten ing sak rasukan, saha saged dipunbekta siswa wonten ing pundi kemawon kangge sinau materi ingkang wonten. Salajengipun dipuntemtokaken ukuranipun inggih menika 11,5 cm x 15,5 cm, gambar ukuran buku saged dipunpupirsani wonten ing gambar 5 ing nginggil menika.

5) Jinising *font* saha warnanipun seratan



Gambar 6: *Tampilan desain jinising font*

Jinising *font* ingkang dipunginakaken wonten ing *media* buku menika wonten tiga. *Font* ingkang kaping satunggal inggih menika jinis *font* ingkang dipunginakaken kangge nyerat seratan irah-irahan “Caraka” wonten ing *cover* buku ngginakaken jinis *font bazooka*. Salajengipun jinis *font* ingkang dipunginakaken wonten ing *media* buku inggih menika jinis *font jawapalsu* ingkang kangge nyerat sadaya *subjudul materi* ingkang wonten ing buku menika.

*Font/jinis* aksara pungkasan ingkang dipunginakaken inggih menika jinising *font Comic Sain MS*, *font* menika dipunginakaken kangge nyerat *materi* ingkang wonten ing salebetipun buku menika. Warnanipun aksara ingkang dipunginakaken inggih menika warni cemeng kangge *materi* saha *subjudul*, sarta warni biru kangge nyerat irah-irahan wonten ing nginggil *materi*.

#### 4) Panyerating *materi*

Tataran ingkang salajengipun wonten ing tataran *penyusunan draft/damel media* inggih menika panyerating *materi*. Panyerating *materi* dipuntemtokaken awit kebetahanipun. *Materi* menika dipunserat supados saged narik kawigaten saha basanipun ingkang gampil dipunmangertos dening siswa. Kangge nggampilaken siswa dipunparingi gambar *perangsang* ingkang saged nuwuhaken *keaktivitas* siswa ingkang kirang saged langsung mangertos *materi*.

Wonten tataran panyerating *materi* dipunpendhet *materi* ingkang sampun wonten ing naskah *media* ingkang dipundamel saderengipun, salejengipun *materi* menika dipunpindhah wonten ing *desain* ingkang sampun dipundamel wonten ing program *corel draw X5*. Panyerating *materi* dipunwiwiti saking *materi* ingkang purwaka inggih menika *materi* cariyos sejarahipun aksara Jawa dumugi *materi* ingkang pungkasan inggih menika gladhen pungkasan.

a) Panyerating *materi* bab 1



Gambar 7: *Tampilan panyerating materi bab 1*

Panyerating *materi* bab 1 inggih menika panyerating *materi* cariyos sejarahipun aksara Jawa saged dipunpirsani wonten ing gambar ngginggil menika. Panyerating wonten bab menika dipunserat mawi wonten gambar ing lembar kertas sisih kiwa ingkang wonten katrangan seratanipun wonten lembar kertas sisih tengen. Seratanipun ngginakaken basa krama wonten ing ngginggil saha wonten *translate* seratan basa ngapak wonten ngandhappipun supados siswa wonten banyumasan gampil mangertosi isinipun seratan. Kaca wonten ing bab satunggal menika cacahipun wonten 21 kaca.

b) Panyerating *materi* bab 2 dumugi bab 6

Panyerating *materi* salajengipun inggih menika nyerat *materi* bab kalih dumugi bab nem. *Meteri*-ipun inggih menika *materi* cara nyerat aksara Jawa, aksara Jawa legena, sandhangan aksara Jawa, pasangan aksara Jawa, saha angka Jawa.



Gambar 8: *Tampilan panyerating materi* bab 2-6 perangan andharan *materi* saha tuladha aksara

Gambar 8 inggih menika tuladha *tampilan panyerating materi* bab 2-6 perangan panyerating andharan *materi* ingkang ngginakaken basa krama saha basa ngapak. Wonten ing sadaya bab 1 dumugi bab 6 sami ngginakaken kados ing gambar 8 inggih menika sami-sami nyerat andharan *materi* ingkang ngginakaken basa krama saha basa ngapak. Andharan *materi* ingkang ngginakaken basa krama wonten ing nginggil saha wonten ing ngandhapipun wonten andharan *materi* ingkang ngginakaken basa ngapak. Wonten ing gambar 8 ingkang sisih tengen ugi ngadharaken bilih wonten ing bab 2 dumugi 6 wonten panyerating tuladha aksara

inggang dipunandharaken wonten ing salebeting bab inggang dipunandharaken.



Gambar 9: *Tampilan panyerating materi* bab 2-6 perangan tuladha tembung saha gladhen

Gambar 9 inggih menika *tampilan* panyerating wonten bab 2 dumugi bab 6 perangan tuladha tembung saha gladhen. Wonten ing gambar 9 sisih kiwa inggih menika panyerating *materi* perangan tuladha tembung inggang ngginakaken aksara inggang wonten ing bab 2 dumugi bab 6. Wonten ing gambar 10 sisih tengen ngandharaken bilih wonten ing bab 2 dumugi bab 6 wonten panyerating kangge gladhen.



Gambar 10: *Tampilan panyerating materi* bab 2-6 perangan kunci gladhen



Gambar 11: *Tampilan panyerating materi bab 7*

Gambar 10 inggih menika tuladha *tampilan* kunci gladhen bab 2 dumugi bab 6. Gambar 11 inggih menika *tampilan panyerating materi* bab 7 inggih menika gladhen pungkasan. Wonten ing gladhen pungkasan menika dipunserat pitedah kangge nggarap gladhenipun, panyerating *materi* gladhen dipunserat wonten ing tengah.

- 5) Panyetaking buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP

Tataran ingkang pungkasan wonten ing panyusunan *draft/damel media* inggih menika panyetaking *produk* ingkang arupi buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP. Buku menika dipuncetak mawi ukuran 11,5 cm x 15,5 cm saha ngginakaken kertas AP warna ingkang sae. Panyetaking *produk* buku menika kanthi cara dipunbekta *softfile produk* buku menika ing *percetakan*, salajengipun *softfile* menika dipuncetak

mawi ukuran saha kertas ingkang sampun dipuntentokaken. Sasampunipun panyetaking buku wonten *percetakan*, kasil nyetak menika dipun-*jilid model* buku saha dipun-*finishing* wonten ing *penjilidan*.

**d. Tataran Validasi saha Ujicoba Winates**

Tataran *validasi saha ujicoba media* buku menika dipuntindakaken sasampunipun damel *media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP. Tataran *validasi menika* dening *dosen ahli materi saha dosen ahli media* saha dipunbiji dening guru basa Jawi. *Ujicoba media* menika dipuntindakaken kanthi *ujicoba* winates wonten ing 12 siswa kelas VIII A SMP N 1 Rowokele ingkang sampun dipunpilih dening guru basa Jawi. Tataran *validasi* menika kangge paring biji saha pamrayogi tumrap lampahing damel *media*. Guru basa Jawi menika paring pamiji *media* menika kanthi paring pamrayogi saha paring pamiji *media* ingkang pungkasan.

**e. Revisi saha Produk ingkang Pungkasan**

Asiling *validasi kualitas media* dening *dosen ahli materi, dosen ahli media* saha guru basa Jawi saged ngasilaken *produk media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP. Sadaya pamrayogi saking *validasi dosen ahli materi, dosen ahli media* sarta guru basa Jawi menika ginanipun kangge *revisi* supados saged ngasilaken *produk media* buku sinau maos saha nyerat aksara Jawa kanthi irah-irahan “Caraka” kangge siswa SMP ingkang sae saha saged/*layak* dipunginakaken. Wonten ing ngadhap menika *revisi media* adhedhasar saking pamrayogi *dosen ahli materi, dosen ahli media*, saha guru basa Jawi.

**Tabel 30: Revisi Media Buku Sinau kanthi Irah-irahan Maos saha nyerat Aksara Jawa “Caraka” kangge Siswa SMP**

No.	Pamiji <i>Kualitas Media</i> Pamulangan	Pamrayogi
1	<i>Dosen ahli materi</i>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Tata panyerating kapustakan dipunleresaken.</li> <li>- Dipungatosaken tata panyerating tembung.</li> </ul>
